A-PDF Merger DEMO : Purchase from ww

„Билим"

О. БӨРИЕВ

# НАЎРЫЗ ТАРИЙХЫНАН ҮЗИНДИЛЕР

63.5
Б.99

А. БӨРИЕВ

# НАЎРЫЗ ТАРИЙХЫНАН ҮЗИНДИЛЕР

DIZIMGE ALINDI-2010

НӨКИС «БИЛИМ» 1993

63. 5
Б. 99

**Бөриев.** А. Наўрыз тарийхынан үзиндилер. Редактор **Н. Тәжибаев** — Нөкис: «Билим», 1993—72 бет.

Халықтың неше мың жыллар даўамында қәлиплесип, турақласып кеткен бир қатар дәстүрлери бар, олар ҳәр қандай тосқынлықларға қарамастан, жаңадан-жаңа әўладлардың турмыс қәлпине барған сайын беккемирек сиңип барады. Қолыңыздағы китапшада халықтың мине усындай мәңги өмир сүргиш дәстүрлериниң бири. **Наўрыз байрамы тарийхынан үзиндилер** сәўлелендирилген.

БУРИЕВ А. Навруз

**Өзбек тилинен аўдарған М. Низаматдинов**

48843

Б $\frac{4306022200-052}{М-361\ (06)-93}$ 93

ISBN 5—7698—0522—6 © «Билим» баспасы, 1993

**КИРИСПЕ**

Адамзат өзиниң узақ өтмиши ҳәм ҳәзирге шекемги раўажланыўы даўамында оғада қурамалы жолды басып өткен. Биз буны бир сөз бенен тарийх деп атаймыз. Күнделикли турмыс, тәбият пенен өз-ара қатнасық ҳәм мине усы тийкарда дүньяға белгили көзқарастың қәлиплесе барыўы, соңынан илимий түсиниклерге тийкар дөретилгенлиги сыяқлы, бир қатар факторлар тарийхтың тәбият ҳәм инсан темасына тийисли әжайып алтын бетлерин қурайды. Адам тәбият пенен тығыз байланысқан халда турмыс кешире отырып, дөгерек- әтирaптағы ҳәдийселерге, болып атырған процесслерге итибар бере баслаған, тәбият сырларын үйрениўге, оларды күнделикли турмыста пайдаланыўға умтылған. Тәбият пенен байланыслы ҳәр бир ўақыя-ҳәдийсе адамларда белгили бир сезимтуйғыларды оятқан, оларда әтирaптағы орталыққа деген белгили бир қатнасты қәлиплестирген.

Тәбият пенен инсан арасындағы қатнасық тийкарында жүзеге келген әҳмийетли тарийхый дәстүрлерден бири **Наўрыз байрамы.** Оның пайда болыўы тарийхы жәмийет раўажланыўының жүдә әййемги басқышына барып тақалады.

Бул байрамның қәлиплесиў процеси өзиниң бир қатар әҳмийетли өзгешеликлерине ийе болып, ол гео-

графиялық орталық ҳәм жәмийет раўажланыўы басқышлары менен тығыз байланыслы. Наўрыз Шығыс халықлары, соның ишинде Орта Азия халықлары тәрепинен қаншама әсирлерден берли кеңнен белгиленип келген. Түрли халықлар бул байрамды өз турмысындағы ең жарқын ҳәм теберик күн деп билип, оны ўақтыхошлық пенен өткерип келген.

Халқымыздың бай, ең мазмунлы, көп қырлы мәдений мийрасын мақсетке муўапық түрде ҳәр тәрепleме пайдаланыў лазым екенлигин халқымыз тереңнен түсинип ҳәм буған зор әҳмийет берип, Өзбекстан Республикасы ҳүкиметиниң алдына Наўрыз байрамын қайта тиклеў туўралы қарар қабыл етиўди өтиниш етти. Солай етип, 1989-жылы 26-февральда Өзбекстан Республикасының ҳүкимети халқымыздың өтинишин есапқа алып, Республикада Наўрыз байрамын тиклеў туўралы қарар қабыл етти. Қарарда, атап айтқанда, жақын өтмиште халық турмысының мәдений ҳәм мораллық тараўда ҳәкимшиликке жол қойылғанлығы, әсирлер даўамында қәлиплесип келген дәстүрлерди ғалаба менсинбеўшилик ҳәм усының менен бир ўақытта ойлап шығарылған илажларды зорлап таңыўшылық республикамыздағы социаллық-мораллық орталыққа унамсыз тәсир жасағаны атап көрсетилди. Наўрыз әсирлер даўамында адамларда туўған жерге ҳәм тәбиятқа деген сүйиўшилик-муҳаббат, оған абайлап қатнас жасаў ҳәм оны ардақлаў сезимлерин тәрбиялаған, мийнет тәрбиясында жәнe әдепикрамлылықты тәрбиялаўда әҳмийетли роль атқарған дәстүр екенлиги бул қарарда айрықша атап көрсетилди. Усыған байланыслы халықтың мине усы байрамын қайта тиклеў ҳәм республикада ҳәр жылы 21-марты «НАЎРЫЗ БАЙРАМЫ» кеңнен белгиленетуғын күн деп дағазалаў туўралы қарар қабыл етилди.



Усы китапшада Наўрыз байрамының тарийхы ҳаққында сөз болады. Оның пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхы, географиялық орталық пенен байланыслылығы, ислам дини менен қатнасы, Орта Азия ҳәм басқа Шығыс халықлары тәрепинен белгиленетуғыны, өзине тән дәстүрлери ҳәм оларды ҳәзирги күн талабы тийкарында жетилистириў жәнe Наўрыздың адамзаттың мәдений мийрасы менен тығыз байланыслылығы ҳаққында сөз етемиз. Китапшаны жазыўда, әсиресе Наўрыз туўралы тарийхый дереклерди келтириўде биз бәринен де бурын Шығыс жазба дереклерине тийкарландық. Булардан тысқары, бурынғы Аўқамымызда ҳәм сырт еллерде басылып шығарылған илимий, әдебий ҳәм көпшиликке арналған шығармаларды, сондай-ақ баспа сөз бетлери хабарларын ҳәм исенимли аўызеки мағлыўматлардан да пайдаландық.

48384

## ТӘБИЯТ ҲӘМ ИНСАН БАЙРАМЫ

Наўрызды байрам қылыў Орта Шығыс ҳәм Орта Азияда айтарлықтай әййемги дәўирлерде қәлиплес-
кен дәстүр. Ол адамзаттың алғашқы раўажланыў бас-
қышларында қәлиплесе баслаған белгили дәстүр,
үрип-әдетлери, күнделикли турмыс зәрүрлиги, әти-
рaптағы орталық, тәбият факторлары менен қатна-
сықлары тийкарында жүзеге келген. Әсирлер өтиўи
менен бул үрип-әдетлер еллер, халықлар арасындағы
экономикалық ҳәм мәдений байланыслардың раўаж-
ланыўы тийкарында кеңнен таралып барған, мазмун
жағынан байыған ҳәм белгили үлкелер шеңберинде
таралған зор дәстүрге айланған.

Жазба дереклерде Наўрыздың әййемги дәстүр
екенинен дерек бериўши бир қатар рәўаятлар бар
Айырым мағлыўматларға қарағанда, Наўрыз әййем-
ги иранлыларда ахеменидлер дәўиринен (бизиң
эрамыздан бурынғы 558—330-жыллар) баслап әдет
түсине киргенлиги атап көрсетиледи. Шығыс жазба
мийрасында Наўрыз ҳаққында ең толық мағлыўмат-
лар ҳәм анық илимий жуўмақлар ағартыўшы илим-
пазлар Әбиў Райхан Беруний (973—1048)диң «Әййем-
ги халықлардан қалған естеликлер», «Қон ни Ма-
съудий» («Масъуд нызамы») ҳәм «Ат-тафҳим» («Пәм-
летиў т ўралы») шығармаларында жәнe Омар Ҳай-



ямның оғада сийрек гезлесетуғын шығармасы «Наў-
рызнама» трактатында жазып қалдырылған. Усыған қарамастан, соңғы ўақытлары Наўрыз—бәҳәр байрамына итибар төменлеп кетти. Бул туўралы китапларда да, баспа сөз бетлеринде де мағлыўматлар оғада аз берилген. Жақын жылларда басып шығарылған, дәстүрлерге арналған китаплардың арасында Наўрыз туўралы тек анда-санда, жол-жөнекей еслетип өтиледи, болғаны. Ал шынында Наўрыз байрамы тарийхына буннан бир неше жүз жыллар бурын да қызығып келген. Мәселен, Омар Ҳайям өзиниң «Наўрызнама» шығармасының соңында бир жақын досты Наўрыз байрамы тарийхын, оны қайсы патша енгизгенлигин түсиндирип бериўди өтиниш еткенин айтады.

Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында Наўрыз тарийхы ҳаққында былай деп жазады: «Иран илимпазларының базыбири: —ол күнди Наўрыз деп атаўының себеби сонда, Жамшид (Фирдаўсийдиң «Шаҳнама» сында айтылыўына қарағанда, әййемги Иран патшаларынан бири, ол өз салтанаты дәўиринде бир талай прогрессив илажларды енгизгенмиш; атап айтқанда, мәмлекет дүзген, адамларды қатламларға ажыратқан, кийим кийиўге үйреткен делинген) патша болғаннан соң отқа табыныўшылар динин жаңартты ҳәм усы ис қылынған күн «Наўрыз» —«Жаңа күн» деп аталды».

Усы темаға тийисли, Жамшид салтанаты менен байланыслы тағы бир рәўаятта Беруний төмендегилерди жазады: «Жамшид өзине арба соғып алғаннан соң сол күни арбаға минип алды, жинлер менен шайтанлар оны ҳаўаға көтерип, бир күнде Дунбовандтен (Дамованд таўы) Бабылға алып барды. Адамлар бул әжайып ўақыяны көрип, сол күнди ҳайт қылды ҳәм Жамшидтиң (арбада ушыўына) еликлеп, әткеншекте ушты». Бул рәўаят белгили шайыр Әбилқасым

Фирдаусидиң (шама менен 934—1025) «Шаҳнама» дәстанында да сөз етилген. Жамшидтиң патшалық салтанатының даңқын тәриyплей отырып, шайыр төмендеги қатарларды келтиреди (китапшамызда «Шаҳнама» ның белгили илимпазымыз Ш. Шамуҳамедев тәрепинен өзбек тилиндеги аўдармасын пайдаландық, ал усы қатарлардың биз қарақалпақша аўдармасын беремиз):

Ислери ҳәўижленип бергенде мийўе,
Тағы уллылықты қәледи өзине.
Бир тахт соқтырды бәри гүмис-зер,
Қаёний салтанаты, безеўи гәўҳар.
«Дәў көтерип ушсын», —деп болды пәрман,
Тахт көтерилгенде пәс болды аспан.

Тахт көкте пәлпеллер мисли қуяш.
Пәрмандар отырар онда ийзеп бас.
Жәҳән рийза болып уллы бахтына
Ҳәмме жәм, адамлар қарар тахтына,
Жамшидке шашады алтын ҳәм гәўҳар,
Сол күнди жаңа жыл —Наўрыз дейишер,
Жыл басы Ҳурмузы еди ҳәмал айы,
Кеўилде ғам да, гийне де қалмады удайы.

Фарвардин иранлылардың жыл есабында биринши ай екенлиги туўралы соңғы бапларда тоқтап өтемиз.

Муҳаммад Ҳусайин Бурханның (XVII әсир) «Бурҳони котиъ» «Бурхан қатал» деген сөзлигинде патша Жамшид ҳәм Наўрыз байрамы ҳаққында төмендегише түсиник берилген: «Жамшид әлемди сайранлап жүрип, жолы Әзербайжаннан өтеди. Сол күни қуяш ҳәмал айына кирген еди. Жамшид бир бәлент жерге тахт орнатыўды буйырады. Қуяш әлем үстинде пайда болғанда оның алтын нурларына патшаның тахты ҳәм жүзи, тажы шағылысып жарқырап дөгерек әтирапқа рең-бәрең сәўле шаша баслайды. Ел оны «жарқын патша» дейди, үлкен қуўанышлы салтанат уйымластырып, сол күнди **«Наўрыз» («Жаңа күн»)** деп атайды».



Бирақ, иранлыларда бәҳәр байрамы Жамшид патшалығынан да бурын белгиленгени мәлим. Беруний, Иран илимпазларының айтыўына қарағанда бул күн, ол Жамшидтен бурын да ҳүрмет қылынған болса да, (Жамшид дәўиринде ғана) ҳайтқа айландырылды, дейди. Фирдауси өз «Шаҳнама»сында бәҳәр киретуғын күни иранлылардың биринши шахы Каюмарс тахтқа отырғанын еслетип өтеди:

Ҳәмал айына кирип қалғанда аптап (қуяш),
Жәҳән жайнап кетти, жарқырады аб (суў)...
Қаюмарсқа жәҳән шахлық буйырды,
Алғашқы рет мәнзилин (тахтын) таў арасына қурды.

Омар Ҳайям да «НАЎРЫЗНАМА» шығармасында Наўрыздың белгилениўи ҳаққындағы рәўаятларды патша Жамшид дәўирине апарып тақайды ҳәм шах Қаюмарс ҳәмал айының биринши күни жыл басы есаплансын, деп буйрық бергенин де ескертип өтеди. Атап айтқанда, шах Жамшид ҳаққында Омар Ҳайям былай дейди: Жамшид сол күнди (фарвардин айының басы). Наўрыз аталсын деп пәрман берди ҳәм адамларға ҳәр жылы фарвардинниң кириўин байрам қылыўды, оны жаңа жыл деп есаплаўды буйырды».

Улыўма алғанда, рәўаятлардан еки түрли жуўмақ келип шығады: биринписи —Наўрыз бенен байланыслы рәўаятлардың көби патша Жамшидке тийисли ўақыялардан ибарат; екиншиси —бул рәўаятларда Наўрызды белгилеўде астрономиялық принцип сақланған. Наўрыздың жасы мәселесине келсек, Иран илимпазлары бар рәўаятларға сүйене отырып, ол бизиң эрамыздан еки мың жыл бурын пайда болған, деп шамалайды. Ҳақыйқаттан да, рәўаятларда айтылған пикирлерде азлы-көпли тийкар бар ҳәм бул туўралы төмениректе тағы тоқтап өтемиз.

Наўрыз ҳаққында «Тарихи Табарий» («Табарий тарийхы») шығармасының Балъамий парсышаға аўдарған нусқасында, Масъудийдиң «Муруж аз-заҳаб» («Алтын ғәзийне»), Ибн ал-Балхийдиң «Форснома» («Парсынама»), Муҳаммад Хусайн Бурханның «Бурхони қотиъ» («Бурхан қатал») шығармаларында да айырым мағлыўматлар келтирилген. Бул мағлыўматлар тийкарынан Жамшид ҳаққындағы рәўаятлардан ибарат.

Наўрыз уллы шайыр бабамыз Әлийшер Наўайы қосықларынан да орын алған. Оның «Искендер дийўалы» дәстанында Наўрыздың байрам қылыныўы туўралы:

Қуўанар екен әлем афруз да[1],
Айрықша екен мәўсим Наўрыз да,—

деген қатарларды оқысақ, ал «хазойинул-маоний», («Мәнилердиң ғәзийнеси;) шығармасында әжайып теңеў менен Наўрыздағы түн-күн теңлигиниң илимий түсиниги баянланған:

Жолығып көрдим, тең емиш бойы, шашы,
Түн-күни тең екен, жайнар болды Наўрыз.

Наўрыз байрамы неше күн даўам еткен, деген саўал туўылыўы мүмкин. Бул туўралы Беруний өзиниң «Қонуни Масъудий» («Масъуд нызамы») ҳәм «Ат-тафҳим» атлы китапларында иранлылар жылындағы биринши ай— фарвардинниң дәслепки күни Хурмуз деп аталғанын ҳәм Патша Наўрызы (Наўрызы султаный), яғный Жаңа жыл екенин, және усы айдың алтыншы күни —Хурдодты болса үлкен Наўрыз (парсыша Наўрызы бузург) деп белгилегенин атап көрсетеди. «Иранлылардың исениминше, —деп жазады Беруний «Масъуд нызамы» шығармасында, —Жам-

[1] Афруз—ҳәпте, жети күн.



шид дегершикли (арбаға) минип, шайтанлар менен саўаш жүргизиў ушын қубла тәрепке барған... (ҳәм олманнан) жеңиске ерисип, үлкен Наўрызда қайтқан...»

Изертлеўлерден мәлим болғанындай-ақ, Наўрыздың анаў ямаса мынаў атама менен аталыўының өзине тән себеплери де бар екен. Мәселен, Наўрызды Жамшид заманында —«Жамшид Наўрызы» (Беруний оны «Патша Наўрызы» дейди), Әниўшырўанның (патшалық етиў жыллары 531—579) бабасы Фируз дәўиринде «Пируз (Фируз) Наўрызы», Султан Жалалитдин Мәликшах салмуқый (патшалық етиў жыллары 1072—1092) ўақтында болса —«Наўрызы Султаный» («Султан Наўрызы») деген. «Наўрызы Султаный» соңғы ўақытларда да жаңа жылдың дәслепки айы болып қала берди. Бул туўралы гератлы атақлы тарийхшы Ҳафизи Абрудиң (XV әсир) «Зубдат ат-таворих» («Тарийхлар ағласы») шығармасында (Стамбул қолжазбасы, 163-бет) ескертиў бар. Улыўма алғанда, бул байрам қайсы заманда қандай аталыўына қарамастан түп мәниси жағынан Жаңа күн—бәҳәрдиң биринши мезгили болған ҳәм усындай болып қала береди.

Демек, әййемги заманларда Наўрыз бир ҳәпте, аныўырағы алты күн байрам қылынған. Берунийдиң «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында бир ҳәптелик Наўрыз байрамы тағы да толығырақ тәрипленген: «Патша (биринши күни»)[1] Наўрыз байрамын ашып, адамларға өзиниң халықты (қабыл етиў) ҳәм оларға сайғалар бериў мақсетинде тахтқа отырғанын билдиреди; екинши күни жоқары мәртебели адамлардың семья ағзаларын қабыл етиў ушын отырады; үшинши күни атлы әскерлериниң сардарлары ҳәм уллы данышпанлары ушын отырады; төр-

[1] Скобка ишинде берилген аўдармашы ескертиўлери (А. Б).

тинши күни өзиниң үйиндегилер, жақын-жуўық ҳәм арнаўлы адамлары, ал бесинши күни өз улларын ҳәм қарамағындағы адамларды (қабыл етиў) ушын отырады». Демек, түсиник ретинде усыны айтыўға болады, патшалар Наўрыз салтанатын өзлери ушын қалайынша шөлкемлестириўине қарамастан, халық оны бир неше күн байрам қылған.

Наўрыз әсирлер даўамында адамлардың турмыс қәлпине сиңип кеткен дәстүр болады. Наўрыз сөзи жеке адам исими (Наўрыз, Гүлроз), өсимлик атамасы (Наўрызгүл), нама (Наўрызы бузург, яғный үлкен Наўрыз) ҳәм мәкан атамаларында (Наўрыз булақ, Наўрызсай, Наўрызтөбе) сәўлеленген. Ийни келгенде соны да айтып өтиў керек, соңғы пайытта қалай болса солай Наўрыз деп атай бериў әдет түсине кирип қалды. Бул жақсы емес ҳәм әне усы дәстүрге ҳүрметсизлик те болады. Гейпара ўақытта ҳәтте тарийхый әҳмийетке ийе жер, мәкан атамаларын өзгертип Наўрыз деп қойылып атыр. (Қашқадәрья ўәлаятында Амбаржар ҳәм Ортачил аўыллары, Жиззаққа жақын жердеги Қотырбулақ). Палдың да азы ширин, дейди халқымыз.

Наўрыз календарь салт-дәстүрлери қатарына жатады. Наўрыз —дийханшылық байрамы. Наўрыз— географиялық байрам. Бул түсиниклер бир-бирине жақын, бир-бирин толықтырады ҳәм инсанның тәбият пенен қатнасы факторынан келип шыққан.

Жоқарыда келтирилген рәўаятларға бир итибар бериң-ши. Берунийдиң Наўрыз алты күн байрам қыланыўы ҳаққында жазғанларын ямаса Фирдаусидиң: «Ҳәмал айына кирип қалғанда аптан (қуяш)» ҳәм «Жыл басы Ҳурмузу еди Фарвардин» деген қатарларын оқығаныңызда сиз ериксиз түрде ойланып қаласыз, неге усындай, деген саўал туўылады. Оның мәниси төмендегише.



Рәўаятлардағы «ҳәмал», «буржә» («ай»), «жыл басы» түсиниклери тиккелей Жер ҳәм оның Қуяш системаларындағы ҳәрекетине, ўақытты белгилеўге барып тақалады. Ўақытты есаплаўда тийкарғы өлшемлерди тәбияттың өзи берип қойған. Атап айтқанда, түн ҳәм күндизди алатуғын болсақ, оның пайда болыўы Жердиң суткалық ҳәрекети менен байланыслы. Жер бир кеше-күндизде өз көшери әтирапында бир мәртебе айланып шығады ҳәм мине усы ўақыт даўамында өз желкесин қуяшта бир мәртебе жылытып алыўға үлгереди. Ал мәўсимлердиң келип шығыўы Жердиң жыл бойылық ҳәрекети арқасында болады, оны Қуяштың аспан сферасындағы көринетуғын ҳәрекети (Қуяш ҳәрекет етип атырған сыяқлы болып көрингенлиги себепли) деп те айтылады. Басқаша етип айтқанда, Жер өз көшери әтирапында айланыўынан тысқары, космосқа орнынан келип шығып, Қуяш әтирапында да айланады. Бул ҳәрекет анағурлым кескин болып, биз қабыл еткен ўақыт бирлигинде бир жыл мүддетти қурайды. Егерде бул мүддетти анығырақ, бир пүтин етип билдиретуғын болсақ, ол 365 күн 5 саат 48 минут 46 секундқа тең.

Енди, Наўрыз байрамына қайта оралайық. Наўрыз, яғный жаңа жыл әййемги иранлылардың есабына қарағанда Қуяштың жыл бойлық ҳәрекети менен байланыслығы ҳаққында Беруний тәрепинен атап көрсетилген. «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында ол былай деп жазады: «Наўрыз күнинде бир саат (мезгил) бар, усы саатта Фируз (яғный бахыт) аспандағы руўҳларды мақлуқты жаратыўға жибереди», —деп тағы да: — «ол күнниң ең сәтли саатлары Қуяш саатлары болады, оның таңында жақтылық мүмкиншилиги болғанынша (жерге) жақынласады, адамлар оған қараўдан-ақ өзлерин бахытлы есаплайды».

Берунийдиң жазғанларына дыққат пенен қарал-

са, онда илимий- географиялық түсиник—Қуяштың жыл бойылық ҳәрекети, экватордан арқа ярым шарға қарай жылыслаўы, күнлердиң узайып барыўы, қуяш нурының жерге барған сайын тик түсе баслаўы, нәтийжеде күнлердиң жылыўы, бириниң изинен бири бәҳәр ҳәм жаз мәўсимлериниң кирип келиўи ҳаққында сөз етилгени аян болады.

Бул жағдайда Беруний басқа бир жерде илимий жақтан төмендегише тийкарлап береди: «Иранлылар жыл басланыўы (күнин) жазғы қуяш турыўы ўақтына сәйкеслеп қойғанының себеби сонда, Қуяштың еки турыўын (жазғы ҳәм қысқы) бақлаў қураллары арқалы ҳәм көз бенен билиў еки кеше-күндиз барабарлығын (билиўден) аңсат болып келеди... Еки кеше-күндиз барабарлығына келгенде, әўеле қала кеңлиги ҳәм толық аўыў (Жерге түсип атырған қуяш нурларының Жер жүзиндеги ең үлкен аўыў мүйеши, ол эклиптика аўыўы деп те аталады ҳәм шама менен 23,5°қа тең) билинбестен, сол еки күнди билиўге болмайды». Буннан соң ол былай деп жазады: «ол тек астрономияға дыққат пенен итибар берген, оның илимимен хабардар, бақлаў қураллары, оларды тийлеуди ҳәм олар менен жумыс жүргизиўди билген адамға ғана рәўшан болады».

Жоқарыда келтирилгенлерден мәлим болғанындай-ақ, Наўрызды белгилеў адамлардың Жер ҳаққындағы, оның космостағы орны ҳаққындағы тәжирийбелерине сүйене отырып, пикир жүрите баслаған дәўирине туўра келеди. Басқаша етип айтқанда, бул байрам Жер туўралы дәслепки илимий-географиялық түсиниклер пайда болған заманлардан баслап қәлиплескен. Берунийдиң жазғанларынан жуўмақ шығарсақ, бундай түсиниклер Шығыста анағурлым әййемнен берли бар болып шығады.

Тағы да Наўрыз мәўсимлер ҳаққындағы дәслепки түсиниклер қәлиплескен дәўирден баслап әдет түсине кирип барған деўге де болады. Бул байрам тийкарынан дийханшылық жумыслары басланатуғын мәўсимди белгилеўши байрам болады.

Бирақ, мәўсимлердиң кириўин, жылдың басын билиў ушын бир жыллық ўақытты анық шегаралаў зәрүр болған. Биз ҳәзир сутка, ҳәпте, ай, мәўсим деп емин-еркин айта аламыз ҳәм олардың мазмунына түсинемиз. Ал бул түсиниклер тарийхый прогресстиң белгили бир басқышларында қәлиплескен ҳәм дәслепки ўақытлары анағурлым әпиўайы болған.

Бәринен де бурын соны атап көрсетиў керек, жылдың басланыўы әййемнен түрли халықларда оның ҳәрқыйлы бөлегине туўра келген, әлбетте, олардың ҳәр бириниң өзине тән себеплери бар. Бирақ, бир нәрсе жер жүзиндеги халықлар ушын ортақ болып қала берген, яғный олар жылды бир өлшеў бирлиги, өткен ўақыт пенен өлшеген. Бул жағдай адамларды тәбиятта бар нызамлылықларды қолланыўға итермелеген. Мәселен, бир жерде алыс журтларға ушып кеткен қуслардың келиў ўақтын жыл басланыўы деп алса, ал басқа бир елде оны дәрья ҳәм теңиз сүўлары ағымы ҳәрекетиндеги, ямаса өсимликлер ҳәм ҳайўанат дүньясындағы өзгерислер менен байланыстырып келген.

Бирақ, инсан ушын ўақытты билиў, бәринен де бурын күндиз ҳәм түнди парықлаўдан, басқаша етип айтқанда, Қуяштың шығыўына ҳәм батыўына итибар бериўден басланған. Соңын ала олар ай ҳәрекетин де бақлай баслаған. Ҳәр еки бирликтиң қайсысын таңлап алыў ҳәрбир жердиң, мәканның шәрт-шәриятлары менен байланыслы еди. Тиккелей усыны атап көрсетиў мүмкин, бул мағлыўматлар ҳәммеден бурын адамлардың тиришилик тәшўишлери, аң аўлаў, мал шарўашылығын, әсиресе дийханшылық жумысларын жүргизиўи ушын зәрүр болған. Мәселен, буннан бес мың жыл бурын бабиллылар Месопотамия ойпатлы-

лығында дийханшылық пенен шуғылланып, олманнан ағып өтетуғын Дажла ҳәм Фурот дәрьяларының ағымы жағдайына үлкен итибар менен қараған. Өйткени, бул дәрьялардың қашан толып-тасып бурқасынлап ағатуғынын, қаншама жерди суў басып кетиўи мүмкин екенин ҳәм қайсы жерлерде дийханшылық етиўге болатуғынын билиў олар ушын оғада әҳмийетли еди. Дажла ҳәм Фурот дәрьялары ҳәр жылы белгили бир ўақытта, яғный бәҳәрдиң дәслепки күнлеринде ай шыққан пайытта тасатуғын болған. Соннан соң бабыллылар ай ҳәр 29 ямаса 30 суткада жаңаланып турыўын билип алған ҳәм дәрьялардың тасыў ўақты он еки айды қурайтуғынын есаплап тапқан. Солай етип, Месопотамия да буннан шама менен бес мың жыл бурын биринши ай календары, яғный көплеген Шығыс еллеринде, шамалы жетилистирилген түринде ҳәзирге шекем сақланып келген ай (қамарий) календары дөретилген.

Бабыллылар тарийхта ең әййемги календарьды дөреткен болса да, олардың қ ўаныншы узаққа созылмады. Арадан бираз ўақыт өткеннен соң Бабыл данышпанлары белгилеген ай Дажла ҳәм Фурот дәрьяларының тасыўы пайытына сәйкес келмей қалды. Есаплаўлар бойынша жаңа жыл кирген болса да, бирақ дәрьялар суўы еле көбеймеген болып шыға берди. Буның тийкарғы себеби жылды есаплаў усылының надурыслығында еди. Ҳәмме гәп сонда, жыл мәўсимлери ай ҳәрекети менен емес, биз жоқарыда айтып өткенимиздей-ақ, Жердиң Қуяш әтирапындағы ҳәрекети менен байланыслы еди. Ҳәзирги ўақытта бул нызамлылық ҳәркимге мектеп сабақлықлары бетлеринен-ақ мәлим. Соны да умытпаў керек, булманда инсанның мың жыллар бурынғы машақатлы излениўлери туўралы сөз болып атыр. Бабыллылар қабыл еткен усыл, яғный ай ҳәрекети менен есаплағанда бир жыл 354 күнди қурайды. Ал Жер Қуяш әтирапында 365 нен сәлкөбирек ўақытта бир мәртебе айланып шығыўға үлгереди, болғаны. Аўысып қалған он бир күн ай (қамарий) есабындағы жаңа жылдың басланыў ўақтының жылжып турыўына себепши болған. Бабыллылар есабы шөлкем-шалысылығының себеби де мине усында еди ҳәм ол дәўир соң анықланды.

Месопотамияда адамлар Ай ҳәрекетине қарай жаңа жылды белгилеп жүрген ўақытлары әййемги Мысырда тиккелей анық өлшеў тийкарында, яғный Жердиң Қуяш әтирапындағы ҳәрекетинен келип шығып, ўақытты есаплаў ойлап табылды. Бул усыл да дийханшылық, суўғарыў системасы, анығырағы, Нил дәрьясының тасыўы ўақты менен байланыслы болған. Дәрья тасқан ўақытты анық белгилеў, егин егиў мәҳәлин билип алыўға мүмкиншилик беретуғын болды. Соны да атап өтиў лазым. Нил дәрьясы ҳәр жылы июнь айынан тап октябрь айына шекем толып ағады. Бирақ, бунын сырын анықлаў сол ўақытта оншама аңсат болмаған, әлбетте. Нил суўы ағымының жағдайын узақ жыллар үйренип барған Мысыр илимпазлары ең ақырында бир астрономиялық нызамлылықты ойлап тапты. Олардың бақлаўларынан сол нәрсе мәлим болды, Нил дәрьясының тасыў ўақты Сириус, әййемги мысырлылар тилинде Сотис (ҳәр еки формада да бир қыйлы, яғный «жарқын» деген мәнини аңлатады) жулдызы батыста батқаннан соң оның Шығыс тәрепте биринши мәртебе көриниўи ўақтына туўра келер екен ҳәм бул жағдай мудамы өзгерместен тура берген. Мысырлылар бул күнди жаңа жылдың басланыў ўақты сыпатында қабыл етти; бақлаўлар нәтийжесинде аралық ўақыт, яғный бир жыл 365 күннен бираз артығырақ мүддетти қурайтуғыны да оларға мәлим болды. Бул Қуяш (Шығыс дереклеринде шамсий) календарының ойлап табылыўы еди. Бирақ, бул ойлап табылыўда мысырлылар жападан жалғыз емес еди. Иран ҳәм Орта Азияда да ўақыт Жер-





INVENTAR № 48384

диң Қуяш әтирапындағы ҳәрекети менен байланыслы тырылып өз бетинше есаплап шығылды. Бируний жазыўына қарағанда, иранлыларда әййемде жаңа жыл дәслеп жаз айларына туўра келген болса да, бул дәстүр тусин алмаған ҳәм тез-арада бәҳәр айларына көширилген. Мысырлылардың есабында болса бундай жағдай бақланбайды. Омар Хайям да Наўрызды белгилеў әййемнен-ақ (Жамшид шах заманында) Қяш тың жыл бойылық ҳәрекетине тийкарланғанлығын атап өтеди.

Ҳәзирги ўақытта араб еллеринде ҳәм тағы Шығыстағы айырым еллерде Ай ҳәрекетине тийкарланған ҳижрий-қамарий және Жердиң Қуяш дөгерегинде айланыўынан келип шығып дүзилген ҳижрий-шамсий календарьлары бар. Орта әсирлерде жазылған оғада көп Шығыс жазба дереклеринде мине сы еки сәнеден бири (гейде екеўиде) көрсетилген. Ҳижрий-шамсий календарында қабыл етилген айлар ҳижрий-қамарий календары айларынан парық қылады. Шамсий айлардың арабша аталыўы әдетте кеңнен тарқалған, олардың дизими төмендегише: (скобка ишинде қарақалпақша аўдармасы бериледи) — Ҳамал (қой), Саўр (буға), Жавзо (егиз қыз), Саратан (шаян,) Асад (арыслан), Сумбула (масақ), Мезан (тәрези), Ақраб (шаян), Қавс (сарыжай), Жадий (ешки), Давл (шөмиш), Ҳут (балық).

Халқымызда бул айлардың арабша аталыўы дәстүр болып қалған. Атап айтқанда, дийханшылық, пенен байланыслы жумысларда «Ҳамал-әмел» (яғный егилген егин ғалаба көгерип шығатуғын ай), асад — «асад — егинниди жасат» (яғный асад айы киргенге шекем гүўзги егинлерди егип тамамлаў лазым екени), «ҳут-жут» (яғный ҳут айында күтилмеген қатты суўық түсиўи итималы бар екени ҳәм шарўа маллары шығынға ушыраўы мүмкиншилиги нәзерде тутылады) сыяқлы сөйлемлер де бар.



Шамсий есап адамлардың тәбият пенен тиккелей қатнасын, күнделикли зәрүрлигин анығырақ билдирген. Дийханды тәбият нызамларын сақлай отырып, кешиктирместен егин егиў, дақылды өз ўақтында жыйнап-терип алыў, ал Орта Азия шәраятында әсиресе қыстың ақырғы айы — ҳутқа айрықша итибар бериў, яғный шарўа маллары ушын жеткиликли от-жем таярлаў сыяқлы зәрүрли жумысларды өз ўақтында орынлаўға шақырған.

Шамсий есапта келтирилген айлардың аты он еки жулдыз шақапларының атынан алынған болып, ҳәр бирин бурж деп атайды. Фирдаусидиң «Ҳәмал айына кирип қалғанда аптап (қуяш)» деген қатарында Қуяштың ҳәмал айындағы жағдайы нәзерде тутылған. Наўрыз да сол айда белгиленген.

Ҳәмал, яғный бәҳәрги тең күнлик жыллар өтиўи менен оғада әсте-ақырын болса да, прецессия (қылт етпей турған жулдызлардың көз илмейтуғын ҳәрекети) нәтийжесинде жылжып турады. Мәселен, буннан тоғыз әсир бурын бәҳәрги тең күнлик 14—16-мартқа туўра келген. Ҳәзирги ўақытта бәҳәрги тең күнликтеги жыл бойылық айырмашылық алты саатты қурайды ҳәм усы себепли гейпара жыллар 20-мартқа, ал айырым жыллар 21-мартқа туўра келеди. Бул айырмашылық ҳәр төрт жылда бир келетуғын кабиса жылында теңбе-теңликке келтирип турылады. Наўрыздың басланыў сәнеси Жердиң Қуяш әтирапында айланыўына тийкарланған. Жер Қуяш әтирапында бир жылда бир мәртебе айланып шығады ҳәм мине усы ўақыт ишинде оның жер шарының үстинде 23° 27' арқа кеңлик және 23° 27' қубла кеңликлер аралығында жылжыўы бақланады. Буны биз Қуяштың эклиптика (аспан сферасының үлкен шеңбери, 360° қа тең) бойлап жыллық ҳәрекети деп атаймыз. Жоқарыда дизими берилген он еки шамсий ай, яғный он еки буржи, мине усы эклиптика сызығын бойлап бир қыйлы — 30° қа

тең аралықты нйелеген Қуяш бәхәрги тең күнликте ҳәмал буржына өтеди. Жигирма биринши мартта Қуяш нурлары Жер экваторына тик түседи ҳәм бул уақытта түн менен күн узынлығы ҳәр еки ярым шарда да бир қыйлы, яғный бир-бирине тең болады. Бул жағдай арқа ярым шарда бәхәрги тең күнлик деп аталады. Усы күннен баслап Қуяш биз тәрепке (арқа ярым шарға) өткен сыяқлы болады ҳәм оның ҳәўири күн сайын арта береди. Ал гүзги тең күнликте (23-сентябрь) керисинше, бул жағдай қубла ярым шарда бақланады.

Қуяш арқа ярым шарға өтиўи менен онда адамлар жер кеңлигине ҳәм ҳаўа райы шәраятына қарай бәхәрди күтип алыўға таярланады. Көплеген үлкелерде бул тийкарынан дийханшылық байрамы болады. Узақ арқа кеңликлерде болса жаз қысқа ҳәм дийханшылыққа шәраят жоқ екенлиги себепли адамлар аңшылық дәстүрлерин байрам қылады.

Жоқарыда Наўрыздың белгилениўи туўралы сөз еткенимизде Иран патшаларының бир неше мың жыллар бурынғы тарийхын қарап шыққан едик ҳәм патша Жамшид отпаразлар, яғный отқа табыныўшылар динин жаңалаған күн «Наўрыз»—«Жаңа күн» деп атал͏ған, деген рәўаят та келтирилген еди.

Отқа сыйыныўшылық бизиң эрамыздан бурын пайда болған. Улыўма алғанда, отпаразлықтың дәслепки көриниси алғашқы жәмийет дәўирине барып тақалады. Оның ең жетилискен формасы зардуштийлик (усы дин тәлийматын таратқан Зардушт—басқаша аталыўы Заратуштра ямаса Зороастра исминен келип шыққан, ал ол бизиң эрамыздан бурынғы мың жыллықтың басларында Орта Шығыста жасаған) болып, ол дәслепки орта әсирде де даўам еткен (Сасанийлер дәўиринде—III—VII әсирлер — мәмлекет дини), Орта Шығыс ҳәм Орта Азияда кеңнен тарал-ған еди. Бирақ, зардуштийлердиң кәраматлы кита-



бы «Авесто» да Наўрыз ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмаған. (Демек, Наўрыз байрамы зардуштийлик пенен байланыслы емес).

Ислам динин айтатуғын болсақ, ол ең дәслеп Арабстан ярым атаўында, ал екиншиден, бизиң эрамыздың жетинши әсиринде, яғный буннан бир мың төрт жүз жыл бурын қәлиплескен. Жер жүзинде кеңнен тарал͏ған христиан ҳәм будда динлери сыяқлы, ислам дини де өзиниң үрдислерине, салт-дәстүрлерине ийе.

Наўрыз байрамының ислам дининдеги мерекелерге пүткиллей байланысы жоқ екенин Әбиў Райхан Беруний әллеқашан жазып кеткен. «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында ол былай дейди: «Әбдусамад ибн Әлийден рәўаят етилиўине қарағанда, ол (усы рәўаятты) бабасы Абдулла ибн Аббасқа апарып тақайды, наўрыз күни пайғамбар әлəйҳиссаламға (Муҳаммадқа) ҳалўа салынған гүмис кесе саўға етилген. Сонда пайғамбар: «Бул не?» —депти. «Наўрыз» —деп жуўап берипти. Пайғамбар: «Наўрыз не?» —деп сорапты. «Иранлылардың уллы ҳайты» —деп жуўап берипти. Соңынан пайғамбар ҳалўаны жеп, кесени (сындырып) сәўбетлеслерине үлестирилип берипти ҳәм: «Қәнекей, биз ушын ҳәр күни Наўрыз болса»,—депти.

Демек, Арабстанда бурын Наўрыздың не екенин пүткиллей билмеген. Берунийдиң жазғанларынан тағы да бир нәрсе, яғный Наўрыз дәстүрин ислам режелерине қарама-қарсы қоймаў сиясаты исламның дәслепки жыллары-ақ басланған ҳәм соңын ала ол раўажландырып барылғанлығы да мәлим болады. Өйткени, Наўрыз байрамы көплеген халықлар арасында оғада кеңнен таралып кеткен дәстүр болып, оны жоқ етиўдиң ҳеш қандай илажы жоқ еди. Екиншиден, Наўрыздағы көп дәстүрлер адамлардың тиккелей күнделикли турмыс зәрүрликлери менен

байланыслы болып, олардың көплеген бөлеги ислам режелерине зыяны тиймейтуғын еди.

Соңын ала Наўрыз байрамларында әсте-ақырын ислам мерекелерин өткериў де әдет түсине кирип барған, өйткени ол жәмийеттиң белгили бир басқышында үлкен аймақта үстемлик етиўши идеология болған. Хәтте ески мектеплерде Наўрыз байрамына байланыслы арнаўлы мереке уйымластырылып, оқыўшылардың ата-аналарынан Наўрыз ҳайтлығы, яғный ақша ҳәм саўғалар алған.

Садриддин Айний «Еске түсириўлер» шығармасында Наўрыздың Орта Азияда исламнан бурын байрам етилгени, үлкеде ислам енгизилгеннен соң да халық өзиниң бул миллий байрамын сақлап қалғанлығын ҳәм ҳәзир де (яғный оның дәўиринде) белгиленетуғынын атап көрсетеди және ислам уламалары бул дәстүрге диний түс бериўге урынғанын сөз етеди: «Ислам уламалары бул байрамнан өзлериниң мәплерин гөзлеп, оған диний түс берер еди, атап айтқанда, -қуран аятларынан «ҳафтсалам» (жети сәлем) ды жазып, қақ ерик суўына езип ишкизер еди ҳәм буның есесине ақша алар еди».

Ислам дини мерекелерине келсек, бул туўралы Әбиў Райхан Беруний өзиниң «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында анық мағлыўматлар жазып қалдырған. Илимпаздың усы шығармасында ислам дәстүрлерине арнаўлы бир бап ажыратылған ҳәм ол «Мусылманлар қолланатуғын (атақлы күнлер туўралы сөз», деп аталады. Беруний бул туўралы тағы да өзиниң «Ат-тафҳим» («Пәмлетиў туўралы») ҳәм «Масъуд нызамы» шығармаларында да мағлыўмат береди.

Әўеле соны атап көрсетиў лазым, исламдағы дәстүрлер қамарий, яғный Ай календары тийкарында (арабша «қамар» —ай) белгиленеди. Қамарий календарына тийкарланған тарийхтағы ҳижрий жыл есабы, оның биринши айы муҳаррамның биринши күни 622-жылы 16-июльден басланады. Себеби сол жылы ислам дининиң тийкарын салыўшы Муҳаммад Мәкке қаласынан Мәдина қаласына көшип өткен, яғный ҳижрат қылған (арабша «ҳижрат»—көшиў. Мине усыған байланыслы «ҳижрат» араб қамарий календарының атамасы болып қалды. Биз ҳәзирги ўақытта есап жүргизетуғын Григорий календары (Рим папасы Григорий XIII тәрепинен Юлий календарының орнына 1582-жылы енгизилген; елимизде 1918-жыл 14-февральдан баслап қабыл етилген) бойынша 1989-жыл ҳижрат-қамарий есабында 1410-жылға туўра келеди. Ислам дининиң тәсийр шеңбери кеңейип барыўы менен ҳижрий-қамарий есабына тийкарланыў да кеңнен таралып бара берген ҳәм ҳәзир бир қатар мусылман мәмлекетлеринде қолланылады. Ҳижрий-қамарий айларының дизими төмендегише: муҳаррам, сапар, раби ал-аввал, раби ал-ахир, жумада ал-ула, жумада ал-ахира, ражаб, шаъбан, рамазан, зу-л-қаъда, зу-л-ҳижжа.

Наўрыз байрамын айтатуғын болсақ, ол жоқарыда атап өткенимиздей-ақ ҳижрий-қамарий емес, ал ҳижрий-шамсий сәнесине тийкарланған. Ҳижрий-шамсий сәнеси де бизиң эрамыздың 622-жылынан баслап есапланса да, бирақ, оның өзине тән әхмийетли айырмашылық тәрепи бар. Бул айырмашылық усыннан ибарат, ҳижрий-шамсий есабында жыл басы ҳәрдайым бәҳәрги теңкүнликке туўра келеди. Оның тийкарын ҳижрий-қамарий есабынан парықлы түрде, Қуяш ҳәрекетине қарай ўақытты белгилеў қурайды. Эрамыздың 1990-жыл 21-мартында ҳижрий-шамсий календары есабы бойынша 1369-жылдың басланыўы болды. Ҳәзирги ўақытта Иран менен Аўғанстанда жыл есабы ҳижрий-шамсий календары тийкарында жүргизиледи.

Наўрыз байрамы да бәҳәрги теңкүнликте, яғный

21-мартта басланады. Демек, астрономиялық-географиялық көзқарастан келип шыққан жағдайда да Наўрыз байрамының исламға жантасып кететуғын жери жоқ.

Исламда оның өз режелерине тийкарлана отырып, белгиленетуғын сәнелер бар. Бул туўралы характерли мысаллар Әбиў Райхан Берунийдиң жоқарыда атап көрсетилген «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында келтирилген. Беруний былай деп жазады:

**«Мухаррам айы.** Бул айдың биринши күни улығланады, өйткени бул күн жылдың басы ҳәм сәнениң басланыўы болады». Бул айдың тағы да бир, атап айтқанда, Орта Азия да кеңнен таралған атамасы «Әшир», яғный Әшир айы болған. Беруний бул сөзди төмендегише түсиндиреди: Ошуро еврейше сөз болып, буның арабластырылғаны «ошур» ямаса еврейлердиң руўзасы болған тишрий айының оныншы күни болады. (Мухаррам айының) оныншы күни «ошуро» деп аталады (арабша «ашара»—он)».

Исламдағы дәстүрлер шамалы басқа, оннан бурынғы динлерден мийрас алынған болса, базыбиреўлери соңын ала қәлиплескен. Соңынан ислам тәсири шеңбери бирқанша үлкелерди қамтып алыўы менен бул дәстүрлер сол еллердеги исламға сыйынатуғын халық арасында тарала берген. Бул дәстүрлерди базыбир жерлерде толық, ал айырым жерлерде жергиликли дәстүр үрдислерди, үрип-әдетлерди де шамалы қосып сақлаған. Нәтийжеде ўақыттың өтиўи менен гейпара ислам дәстүрлери миллий, жергиликли дәстүрлердей болып көринген.

Мәселен, мухаррам айындағы бир атақлы күн—оныншы күн туўралы Беруний былай деп жазады: «Ҳүсайн ибн Әбиў Тәлиптиң өлтирилиўи—9 ямаса 10-маҳаррам 61-ҳижрий жылы (9-ямаса 10-октябрь, 680-жыл) да усыған туўра келген... Шиалер (исламдағы төрт мәзхептин—диний топардың бири—шиа мәзхебине жататуғын адамлар, олардың тийкарғы бөлеги Иранда Ҳүсайнның өлтирилиўине жаны ашып, усы күни қатты ўай-ўай салып жылайды... Кербеладағы бахытлы қәбир (Ҳүсайн қәбири) ди зыярат қылады».

**Сапар айы.** Бул айда базыбиреўлер ырым етип, бир жаққа сапар етиўден өзлерин тыйған. Себеби, бул айда, ислам режесине қарағанда, бирқанша бахытсыз күнлер есапқа алынған. Беруний жоқарыда атап көрсетилген шығармасында бул туўралы жазғаныңдай-ақ, сапар айының биринши күни Ҳүсайн ибн Әлий ибн Абиў Тәлиптиң геллеси Дамашққа алып келинген. Жигирма төртинши сапарда Мухаммад пайғамбар душпанларының қуўдалаўы салдарынан Мәккеден қашып, үңгирге жасырынған ҳәм т. б.

**Раби ал-аввал.** Бул айдың он екисинде дүйшемби күни Мухаммад (571—632) пайғамбар туўылған. Ол туўылған күн исламда мавлуд (арабша «мавлуд»—туўылыў) деп белгиленеди. Орта Азияда да тарал-ған, гейпара жергиликли мерекелер менен қосылып кеткен.

**Ражаб.** Беруний бул айда ислам тарийхында бир неше ийгиликли күнлер болғанлығын атап көрсетеди. Атап айтқанда, ражаб айының жигирма алтыншысы дүйшемби күни Мухаммадқа пайғамбарлық жиберилген, делинеди. Бул ай Орта Азия мусылманларында да ийгиликли есапланған.

**Рамазан.** Мусылманларда бул ай руза айы болады. Рамазанның таўсылыўы Орта Азия мусылманларында да ҳайт қылынады.

**Зул-ҳижжа.** Беруний былай деп жазады: «Тоғызыншы зу-л-ҳижжа күни «арафа» («танысыў» деп аталады. Бул Арафат таўында (Мәкке қаласына жақын жерде) үлкен ҳаж (зыярат) күни болады. Ҳаж мерекесин белгилеў ушын келген адамлар (сол кү-

ни) жыйналған ўақытлары бир-бири менен танысыўы себепли бул күн «арафа» деп аталады (арабша— «арафа»—билиў, танысыў деген мәнини аңлатады). Оныншы (зу-л-хижжа) қурбанлық күни, жанлық сойыў күни болады. Бул күн хаж күнлериниң ақырғысы болады». Исламдағы бул дәстүр Орта Азияда да кеңнен тарқалған ҳәм мусылманлардың қурбан ҳайты делинеди.

Биз бул жерде тийкарынан Орта Азияға байланыслы болған ислам дәстүрлери туўралы ғана тоқтап өттик. Көринип турғанындай-ақ, олардың ҳеш бириниң Наўрыз дәстүрине байланысы жери жоқ.

Соны да нәзерде тутыў лазым, елимиздиң раўажланып атырған мәмлекетлер, атап айтқанда, араб еллери менен дослық экономикалық, мәдений байланыслары жылдан-жылға кеңейип баратырған ҳәзирги пайытта тарийхый дәстүрлерге фактлер тийкарында анықлық киргизиў, оларды илимий көзқарастан тийкарлап бериў илимпазларымыздың алдында турған әҳмийетли ўазыйпа болады. Бул дәстүрлерге дурыс баҳа бериў халықлар арасындағы дослықты тағы да беккемлеўге ҳәм идеология фронтында ҳәзирги турмыс қәлпимизди бузып көрсетиўши өтирик-өсек былшылдыларға соққы бериў үлкен сиясий әҳмийетке де ийе болады.

Ийни келгенде соны да атап көрсетиў керек, халық календарь байрамларына диний түс бериў тек исламға ғана тән болып қалмастан, оны басқа динлер, атап айтқанда, христиан ҳәм будда динлери мысалында да көриўге болады. Мәселен, православие ширкеўиниң атақлы пасха байрамының келип шығыў тарийхына сер салсаңыз, ол шынында мал шарўашылығы байрамы екенлиги мәлим болады. Әййемги Арабстан ярым атаўындағы сом қәўимлерине жатаҳған халықлар пасханы маллардың (тийкарынан қойлар) бәҳәрги қозылаў мәўсиминде белгилеген



(«пасха» әййемги еврей тилиндеги «песах» сөзинен алынған ҳәм «өтиў»— бәҳәрги мәўсимге өтиў деген мәнини билдиреди). Соңын ала бул қәўимлер дийханшылық турмыс қәлпине өте баслағаннан соң пасха да дийханшылық байрамы көринисине енген ҳәм орақ, жыйын-терим алдынан белгиленген. Бара-бара бул халық байрамы толық ширкеў тәсирине өткен. Россияда тек ғана пасха емес, ал оғада көп халық байрамларын да православие ширкеўи ийелеп алған. Грузияда оның әййемги пайтахты Мцхета қаласы ҳүрметине өткерилетуғын Мцхетоба байрамының тәғдири де тап пасха байрамыникине усас болып келеди ҳәм ол да христиан байрамы болып қалды. Әййемги Қытайда халық бәҳәрде өткеретуғын Циньмин байрамы да соңынан Будда дини мерекелеринен бирине айланды.

Демек, дийханшылық, мал шарўашылық, зүрәәт, улыўма усас түрли аўыл хожалығы байрамларында анаў ямаса мынаў диний дәстүр әййемде де бар еди ҳәм олар инсанның тиккелей тәбият пенен қатнасынан келип шыққан, күнделикли турмыста саналы инсан исине тәсир жасап келген. Сол себепли дийханшылық байрамы — Наўрызды белгилеўде де түрли заманда ҳәрбир мәкан дәстүр-үрдислери, үрип-әдетлери менен бир қатарда диний режелер (үстемлик етиўши идеология ретинде) тәсир жасаған. Мәселен, Орта Азияда исламға шекем белгиленген Наўрызда отпараслық дәстүр-үрдислери кеңнен орын алған еди. Шынында да, биз бүгинги күни анаў ямаса мынаў динге байланысы жоқ деп есаплап атырған гейпара халық дәстүрлери де түп-тикары жағынан инсанның тәбиятқа қатнасына, жақсылық пенен жаманлық, жаўыз күшлер ҳәм оларды мәртлик пенен жеңип шығыўға бағдарланған күшлер (оларды адамлар илаҳый деп билген) арасындағы гүреске барып тақалады. Сол себепли Наўрыздың ислам динине байланысы жоқ деп айтсақ, буны

тек усы дәстүр исламға шекем бар болғанлығына бир ишарат ретинде түсиниў тийис.

### ИРАНДА НАЎРЫЗ БАЙРАМЫ

Иран халқының исламға шекемги дәўирдеги тарийхында-ақ бирқанша байрам күнлери болған. Наўрыз салтанаты, сәрсемби, он үш бадар, мушриган, сада сыяқлы байрамлар мине усыларға жатады. Әлбетте, олардың арасында ең атақлысы Наўрыз байрамы болды.

Наўрыз иранлыларда оғада әййемги байрам есапланады. Бул туўралы биз жоқарыда да қысқаша тоқтап өткен едик. Иранлылар Наўрызы ҳаққында Беруний өзиниң «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасының «Иранлылар айларындағы ҳайтлар ҳәм атақлы күнлер туўралы сөз» деп аталған бабында толық тоқтап өтеди.

Беруний иранлылар байрамлары ҳаққында, атап айтқанда былай деп жазады: «Бул ҳайт күнлериниң гейпарасы дүньялық жумыслар ушын, гейпарасы диний ислер ушын белгиленген. Дүньялықлары иззетли ҳайтлар ҳәм уллы күнлер болып, патшалар, үлкен ҳәмелдарлар ол күнлери мерекелер өткерген ҳәм олар арқалы өзлерин қуўандырыўға, руўхларын шадландырыўға ерискен жәнe мақтаў менен аса көтермелеп жырланыўға сазыўар болған, (халықтың) мақтаў ҳәм жырлаўын өзлерине тартқан. (Себеби), олар сол күнлери жай халық ушын да бир түрли мереке келтирип шығарған. Пуқара мерекени белгилей отырып, патша ҳәм әмирлердиң шадлықларына қосылатуғын, оларға ықлас пенен, бойсынып, хызмет қылып атырғанын билдиретуғын болған. Мине усы ҳайтлар пақырлар турмысының нашарлығын кеңликке айландырыўшы, үмит еткенлердиң арзыўларын жүзеге шығарыўшы ҳәм набыт болыўға жақынлас-



қанларды қәўип-қәтерден жәнe бәледен қутқарыўшы себеплерден бири болды. (Патша ҳәм әмирлер) берекет, бахыт ҳәм жақсылыққа ерисиў жолында алдынғылардан үлги алып, бул (мерекелер) ушын жол-жобалар дүзди».

Жоқарыда келтирилгенлерден мәлим болатуғынындай-ақ, Наўрыз әўеле халық байрамы болған ҳәм үстемлик етиўши топарлар, халықтың бул шадлығынан шеберлик пенен пайдаланған. Олар бул мерекеге тиккелей араласа отырып, арзымаған сайғалар үлестирген ҳәм өзлерин мине усы халық шадлығы салтанатының шөлкемлестириўшиси етип көрсетиўге урынған.

Наўрыз байрамы мерекесинен тысқары, иранлыларда тағы басқа да бир қатар диний мерекелер де болған. «Диний (ҳайтларға) келгенде, буларды иранлылардың шәрият ғайраткерлери, имамлары, дин ҳуқығы маманлары ҳәм диншиллери келтирип шығарған. Бундай байрамларды атқарыўдан мәқсет ақырет (ушын) болған»,— деп жазады Әбиў Райхан Беруний жоқарыда еслетип өтилген шығармасында.

Демек, Наўрыз байрамын анағурлым бурыннан диний режелерге (буған өтпаразлық та жататуғынын нәзерде тутыў керек) ийкемлестириў ҳәрекетлери болғанлығы мәлим болса да, бирақ, олар еле ғалаба түс алмаған еди. Беруний заманына шекем ҳәм сол дәўирде де Наўрыз байрамы ислам дини мерекелери менен тийкарынан қосылмастан айрықша салтанат пенен белгиленетуғын болды, деп айтыўға болады. Бул еки түсиниктеги шөлкем-шалыслық соңырақ пайда болған.

Беруний иранлылар тәрепинен Наўрыз байрамы белгилениўиниң тарийхый негизлерин илимий көзқарастан дәлийллеп береди. Атап айтқанда, ол былай деп жазады: **«фарвардин моҳ (Фарвардин айы)».** Бул айдың биринши күни Наўрыз болады. Наўрыз

жаңа жылдың бириншн күни болып, оның парсыша атамасы да усы мәнини билдиреди. Наўрыз иранлылар зижлери (таблицалары-кестелери) бойынша өтмиш заманларда, олар жылларын кабисалы (високос) қылған ўақытлары Қуяштың Саратан айына кириў пайытына туўра келер еди. Соңын ала кейинге ысырылғаннан соң бәҳәрде келетуғын болды. Сонлықтан, Наўрыз әлемниң басланыўына ҳәм жаратылыўына тийкар қылынған».

Берунийдиң жазғанларынан мынадай жуўмақ келип шығады. Наўрыз — бул бәҳәр байрамы, тәбиятта өмирдиң барынша жанланыў ўақты, оның жаңа липас (кийим-кийиў) мәҳәли болады. Наўрыз келиўденақ инсан да өзинде жаңа сезим-туйғыларды сезе баслаған, онда қақаман қыстан соң бәҳәрде өмирди даўам етиўге ийгиликли арзыў-үмитлер жанланған. Биринши бәҳәр жаўыны менен жер баўыры жумсарып ийип, мисли ана жүрегинде мийир йошқан сыяқлы, оннан ғаўлап майса көгерип шыққан, дийхан бул сақый жерге ырысқы-несийбе туқымын себиў ушын қос-гүндесин таярлап, атызға қарай жолға шыққан. Фарвардин, анығырақ етип айтқанда, фраварти (шынында пахлавий тилинен эрамыздан бурынғы IV—III эрамыздың VIII—IX әсирлериндеги парсы тили) сөзинен алынған болып, «қутқарыўшылық перииштеси» деген мәнини билдиреди. Қыстан диққеси путкиллей қурып шыққан халық бәҳәр көк-шөплерине аўзы тийиўи ҳәм жерге берекет туқымын сепкени себепли бул айды усылайынша атап кеткен болыўы итимал. Омар Ҳайям да фарвардинди от-шөплер ғаўлап өсетуғын ай, деп түсиндиреди. Әййемги иранлыларда Наўрыз келиўиниң егжей-тегжейине байланыслы басқа рәўаятлар да оғада көп болған. Бул туўралы Әбиў Райхан Берунийдиң жоқарыда еслетип өтилген шығармасында бир қатар мағлыўматлар берилген, алардан халық оғада әййемги дәўирлерде-ақ Наўрыздың жаңа мәўсим — бәҳәр мәўсиминиң басланыўы ретинде байрам қылғанлығын билип алыўға болады.

Бирақ, Наўрыз иранлыларда ҳәмме ўақытта да жылдың анық бир мәўсимине туўра келе бермеген. Буған себеп қуяш жылының саррас 365 күн емес, ал оннан бираз артығырақ мүддеттен ибарат екенлигинде. Мине, усы артықмаш ўақыт кабиса (арабша кабиса — қосымша) деп аталады. Биз ҳәзирги күнде пайдаланып турған қуяш календары да төрт жылда бир мәртебе кабисалы болып келеди ҳәм жыл 366 күнге тең болады.

Иранлыларда бул жағдай әййемнен әдеўир шәлкем-шалыслықларды туўдырған. Олардың айыпим патшалары кабисаны есапқа алыў керек, деп пәрман шығарса, басқалары жоқ, есапланбасын, деп буйырған. Нәтийжеде Жаңа жыл басланыўы жылдың түрли мәўсимлеринде байрам қылынған. Мәселен, Беруний де иранлылар жылларын кабисалы қылғанында Наўрыз жазда белгиленгенин атап көрсеткен.

Омар Ҳайям да өзиниң «Наўрызнамасы»нда бул туўралы толық тоқтап өткен. Оның жазыўына қарағанда, Наўрыз, яғный жаңа жыл шах Жамшид заманында бәҳәрде, Афридун заманында, гүзде, Гуштаси патшалық еткенде (егерде оны әййемги иранлылардағы Ахаманийлер династиясынан шах Дараға усатылса, ол эрамыздан бурынғы 552—486 жыллары жасаған) жазда байрам қылынған ҳәм бул ҳәр қыйлылық Искендер (Александр Македонский, эрамыздан бурынғы 356—323-жыллар), сасаний патшалар Ардашер Бабақ (226—251-жыллар) ҳәм Әниўшырўан заманларында да даўам еткен.

Соңын ала, гейпара мағлыўматларға қарағанда салжуқийлер ҳүкимдары Жалалатдин Мәликшах Салжуқийдиң буйрығына муўапық Омар Ҳайям бир қанша астрономлар менен бирликте 1079-жылы ҳижрий-

шамсий жыл есабы көзқарасынан анағурлым жетилискен жаңа календарь ислеп шықты ҳәм Наўрыз биротала бәҳәрги тең күнликте белгиленетуғын болды.

Наўрызды иранлылар әдетте бес күн байрам қылса да, бирақ, ол менен байланыслы дәбдебели салтанатлар, миймандаршылықлар ярым айға шамалас даўам етеди. Жоқарыда еслетилген байрамлардың базыбирлери мине усы Наўрыз қарсаңында ямаса оннан соң өткерилген. Мәселен, Наўрыз алды ҳәптедеги сәрсемби күнин «Байрам сәрсембиси» (Чоршанбей сўри) деседи, Наўрыздың он ушинши күнин болса «Он үш бадар» (Сездаҳ бадар) деп белгилейди.

Бул байрамлардың ҳәр бири өзине тән дәстүрүрдислери менен күтип алынады. Наўрыз Иранда ҳәзирги ўақытта календарь байрамы, Жаңа жыл байрамы болады. Бул салтанатлы байрамға адамлар үлкен таярлық көреди: үй-жайларын минтаздай етип қояды, ҳәр қыйлы ширин-мазалы жемислер, аўқатлар таярлайды, жақын-жуўық адамларына саўғалар, сарпайлар таярлап қояды. Таярланатуғын тағамлардың арасында «ҳафт син» (жети син) әсиресе, иранлылардың әййемги Наўрыз дәстүри есапланады. Ҳафт син ҳәрбир хожалықтың Наўрыз дәстурханында болыўы шәрт ҳәм төмендеги бас ҳәриплери «с» менен басланатуғын жети түрли нәрсени қамтыйды: санжид (жийде), сумак (татым), сирке, сунбул, сабзи (гешир), сир (сарымсақ пияз ямаса чесноқпияз), саману (солод, яғный көгертип женшилген бийдай ямаса арпадан таярланған тағам — сүмелек). Егерде қандай да бир иранлыдан буның себебин сорасаңыз, ол рәўаятларға қарағанда әййемде исимлери «с» дан басланатуғын жети перишт болған ҳәм адамлар усыларға еликлеп, усы ҳәриптен басланатуғын нәрселерди Наўрыз дастурханына қойыўды әдет қылған, деп жуўап береди.

Улыўма алғанда, Наўрыз күни жети санын аса ҳүрмет-иззет етиў, бул байрамды белгилейтуғын басқа халықларда да болған. Мәселен, Наўрызда Аўғанстанда жети түрдеги мийўе шереси таярланып, жети қыйлы тағам (аўқат) писирилген. Ал Орта Азияда жети қыйлы көк от-шөптен сомса жапқан ҳәм т. б.



Дастурханға тек жети қыйлы нәрсе қойыў менен ғана шекленбеди. Онда тағы үлкен нан, жүзине бир дана таза жасыл жапырақ таслап қойылған бир кесе суў, бир ыдыста жупар ийисли суў, бир дәсте майса; жақсы нийет пенен бир айна ҳәм марҳумлар руўхын еслеп бир дана жағылған шам да қойылады. Усының менен бирге байрам дастурханында ислам дини тәсири де сезиледи ҳәм дастурханның ернегинде бир дана Қуран да турады. Әлбетте, жаңа жыл дастурханында дәстүрли нәрселерден тысқары, тағы түрли ширин, мазалы жемислер ҳәм тағамлар да (аўқатлар да) болады.

Иранлылар Наўрыз байрамына арнап ыдысларда бийдай ҳәм жасмық көгертеди, гүлтүбеклерге наргис ҳәм сунбул пиязларын егеди, өйткени байрам күни үйде сунбул ҳәм наргис болыўын оғада қәлейди.

Наўрыз байрамын халық ойын-саўық пенен өткереди. Әсиресе «Байрам сәрсембиси» деп дағазаланған күни белгиленетуғын мереке айрықша дыққатқа миясар болады. Сәрсемби түни жас демей, ғарры демей ҳәмме ғалаба ашық майданға жыйналып, от жағады, әтирапында ойнап, ўақты хошлық қылады, «мениң реңим сарылығы сеники, сениң қызыллығың меники» деген сөзлер дизбеги айтып, оттың үстинен секирип өтеди. Қызығы сонда, иранлылардың бул әдети әййемги Иранда отпаразлық кеңнен таралған ўақытлардағы от режесиниң дәстүр-үрдислерин еслетеди ҳәм Фирдаусийдиң «Шахнама» сындағы Сиявуштың отқа кирип, оннан аман-саў шыққанлығы ўақыясына усап кетеди:

Әлқисса, отыннан үйип еки таў,
Жыйын зор, көргенди басар қалшылдаў...

Қолында шамшырақ еки жүз киси,
Ҳәр тәрептен үрлеп от тутандырыў иси...

Жер жүзи жақтыланды аппан мысалы.
Қадалар жанар шөп-шар, сабан мысалы...

Сиявуш атқа басқанда тақым,
Мисли ат болды жалынға ашпа жақын...

Жән-жақтан жалын, түтин қоршап алды,
Сиявуш ҳәм аты көринбей қалды...

Сол заматта оттан шықты шахзада,
Күлимлеп жайнап келер мәрт азада....

Бахман айының оныншы күни өткерилетуғын сада байрамында да иранлылар көплеген от жағып, сыйын-заўық қылады.

Иран ҳәзирги ўақытта ислам мәмлекети болғанлығы себепли, онда ислам режесиндеги көплеген мерекелер де рәсмий түрде белгиленеди. Рамазан ҳәм қурбан ҳайтлары, мұҳаррам айындағы аза күнлери ҳәм басқалар мине усыларға жатады. Бул туўралы биз алдыңғы бапта да азлап түсиндирип өткен едик.

Ошуро ҳижрий-қамарий жылындағы биринши ай—мухаррамның дәслепки он күнинде өтеди ҳәм мәмлекет тәрепинен дем алыс күнлери деп дағазаланған. Буның қысқаша тарийхы төмендегише:

Мусылманлар пайғамбары Муҳаммад қазаланғаннан соң араблардың арасында жеке ҳәкимлик ушын гүрес гүжип кетеди. Себеби, Муҳаммадтан мийрасхор тек бир қыз—Фатима қалған еди, болғаны. Фатиманың күйеўи Әлий ибн Әбиў Тәлиб ҳәм оның Ҳасан менен Хусайын деген еки улы ҳәкимиятқа рәсмий талабанлар деп есапланар еди. Екинши тәрепте Сирия ҳәкими Муавия (661—680-жыллары Араб халифалығын басқарған) да ҳәкимиятқа даўласып шықты. Ҳәкимият



ушын гүрес дәслеп Муавия менен Әлийдиң арасында соңынан олардың уллары Язид пенен Хусайнның арасында даўам етти. Қарбала шөлистанлығындағы саўашта Хусайн өлтирилди. Ал Хасан тахт мийрасхорлығынан бас тартып, бурынырақ Мәдинаға кеткен еди ҳәм сол жерде қазаланды. Усы ўақыядан соң Хусайнның тәрепдарлары шиа (арабша «шиа»—тәреп) деп аталды.

Шиалар ҳәзирги ўақытта Иранда (дерлик ҳәммеси), Иракта, Ливанда, Йеменде көпшиликти қурайды.

Ошуроның 9-10-күнлери (Хусайн өлтирилген күн) Иранда матам дәстүри айрықша гүжип кетеди ҳәм оған сугуворн (азадарлық) деген атама берген. Бул күнлери адамлар матам липасларын (кийимлерин) кийип,қара байрақлар көтерип көше ҳәм қыябанларда матам демонстрациялары өткереди, өзлерин тап жанталасқа түскендей ҳәр тәрепке таслайды, төсине урып «Шах Хусайн, ўақ Хусайн» деп нала шегеди, кийим-кеншегин пыррым-пыррым етип жыртады,—қулласы, олар ең жақын адамлары өлгеннен де көбирек қайғырып, қабырғасы қайысады. Бурынғы ўақытлары бул жыйынларда өзин пышақ пенен жаралатлап, ал гейде өлтиргенлер де болған. Бундай адамлар жыйынның қаҳарманлары, ал өлгенлер мәзхеп (секта) жолында шийитлер деп есапланған.

Солай етип, Наўрыздың Иранда анағұрлым әййемнен баслап дийханшылық байрамы ретинде белгилениўи ҳаққында рәўаятлар бар екенин көрдик. Бирақ, мине усы рәўаятлардың биреўи де иранлылардың әййемги жазба естеликлеринде (соның ишинде археологиялық табылмаларда да) атап көрсетилмеген. Бул жағдайды ҳәзирги Иран илимпазлары да өз шығармаларында көрсетип өткен. Ең қызығы сонда, Наўрыз ҳаққындағы әййемги рәўаятларда көбинесе отпаразлық дәўири дәстүрлери тилге алынады. Ал отпараз-

лық өз ўақтында пүткил Орта Шығыс еллеринде, атап айтқанда да Орта Азияда да кеңнен таралған диний исеним еди. Демек, Наўрыз да мине усы үлкелерде ҳәммеге ортақ түрде қәлиплесип, раўажланған. Бул туўралы төменде Орта Азияға бағышланған бапта тоқтап өтемиз.

### НАЎРЫЗ ОРТА АЗИЯДА

Наўрыз — Орта Азия халықлары узақ заманлардан берли белгилеп киятырған тарийхый дәстүр, диййханшылық байрамы болады. Ол календарь байрамы сыпатында өткерилген. Бул туўралы Әбиў Райхан Беруний өзиниң «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» китабының «Суғдыйлар ҳәм хорезмлилер айларындағы ҳайтлар»ды тәрийплеген бабында бирқанша толық тоқтап өткен.

Берунийдиң жазғанларынан мына нәрсе мәлим болады. Дәслеп иранлылар да, Орта Азия халықлары да жыл есабын бир қыйлы, яғный Қуяш календары тийкарында жүргизген ҳәм Жаңа жыл кириўин бир ўақытта белгилеген. Соңынан кабисаны есапқа алыўдағы ҳәр қыйлылық көзқарасынан олардың есапларында айырмашылық пайда болған (кабиса ҳаққында «Иранда Наўрыз байрамы» бабында баян еткенбиз).

Гәп мынада, Иранлылар кабисаны есапқа ала баслағанда суғдлар өзлериниң бурынғы есапларын өзгертпеди ҳәм нәтийжеде жыл басын белгилеўде ҳәр бир еки есап арасында бес күнлик айырмашылық пайда болды. Мине усы қарама-қарсылық олардың жыл басланыўын, яғный Наўрызды да мәлим бир айырмашылық пенен белгилеўине себепши болған. «Иранлылар қосымша бес күнди кабисалы (високослы) айлардан ҳәр бир ай ақырына көширди, ал суғдыйлар оларды көширместен, өз орнында (жыл ақырында) қалдырды»,— деп жазады Беруний жоқарыда атап көрсетилген шығармасында.



Бир жыл даўамында келетуғын он еки айдың атамалары да иранлылар менен суғдларда ҳәр қыйлы болған. Беруний оларды усы шығармасында бирим-бирим санап өткен. Мәселен, иранлылар жылдың биринши айын Фарвардин деп атаса, суғдыйлар оны навсард, ал хорезмлилер навсаржи дейтуғын болған. Көринип турғанындай-ақ жылдың биринши айын суғдлар менен хорезмлилер бир қыйлы атаған. Бирақ, айлардың хорезмлилер менен иранлылар ойлап тапқан атамаларында усаслық белгили дәрежеде көбирек болып келеди; урди биҳишт, ҳурдард, шаҳривар, исфандармуз сыяқлы айлардың атамалары оларда бир қыйлы болып келеди. Гейде айлар үш халықта үш түрли аталған. Мәселен, тоғызыншы айды иранлылар—азар, суғдлар—фуғ ҳәм хорезмлилер — аду дейтуғын болған. Буннан мынадай жуўмаққа келиўге болады. Иран ҳәм Орта Азия халықларының астрономиялық бақлаўларында, календарь есапларында айырмашылықлар да, усаслықлар да көп болған. Олардан бири усы бағдарлардың ҳәр бир үлкеде өз бетинше раўажланыўынан дәрек берсе, басқасы еки елдиң әййемги дослық мәдений байланысларының дәлийли бола алады.

Соны да айтып өтиў керек, бул халықлардың жергиликли шәраятларынан келип шығып, жыл даўамында белгиленетуғын уллы сәнелерде де олардың есапларында тап усындай усаслықлар менен айырмашылықлар орын алған. Орта Азия халықлары белгилейтуғын уллы күнлерде бул үлкеде исламға шекем кеңнен таралған отпаразлық дәстүрлери белгили дәрежеде көбирек гезлеседи. Берунийдиң ҳәрбир дәстүр-үрдиске айрықша түсиник берип өткени пикиримизди айқын тастыйықлайды. Атап айтқанда,

жылдың биринши айы — навсардти Беруний төмендегише тәрийплейди:

**Навсард.** Бул айдың биринши күни (суғдыйлар) Наўрызы болып, бул ҮЛКЕН НАЎРЫЗ делинеди.

Навсардтың жигирма сегизинши күни Бухара отпаразларының Ромуш ағам атлы ҳайты болады. Олар сол күни Ромуш аўылындағы (Бухараға жақын жерде) отханаға жыйналады. Ағам ҳайтлары олар ушын ең әзийз ҳайтлардан болып, ол ҳәрбир аўылда өткериледи, олар ҳәрбир аўыл ақсақалларының қасына жыйналады ҳәм жеп-ишеди.

Орта Азия халықлары өзиниң әййемги үрип-әдетлерине оғада қатты исенген. Бул үлкени араблар жаўлап алғаннан соң да жергиликли халық өз мәдений дәстүрлерин сақлап қалыўға, әлпешлеўге ҳәрекет қылған. Бул пикиримизди Әбиў Бәкир Муҳаммад ибн Жаъфар Наршахийдин (899—959-жыллар) «Бухара тарийхы» атлы шығармасында келтирилген гейпара мағлыўматлар тастыйықлайды. Наршахий усы китаптың «Бухара ҳәм оған қосылатуғын жерлер» деген бабында Варахша (Бухарадан 30 км арқа-батыста орналасқан әййемги қала, археологиялық қазылмалар жүргизилиўи нәтийжесинде қарабақаналары табылған) туўралы былай деп жазады:

«Варахша... Үлкен аўыллардан бири болып, Бухара сыяқлы еди; ол Бухара қаласына қарағанда әййемгирек болады... Онда абат бир сарай болған, ол сондай болған, оны гөззаллықта үлги етип көрсетер еди. Оны Бухархудат бинә қылған болып, қурылғанына мың жылдан асламырақ ўақыт өткен. Бул сарай мың жыллардан берли ўайран ҳәм қараўсыз қалып кеткен еди. Хунукхудат (VIII әсирде жасап өткен Бухара ҳүкимдарларынан бири) оны қайтадан тиклеген; тағы да ўайран болған еди. Бунят ибн Тағшада ибн Бухархудат исламият дәўиринде жаңадан қурып, өзи ушын турақ жай етип алды ҳәм соңында ол усы манда өлтирилди.

Иймanлы болғыр әмир Исмайыл Саманий (848—907-жыллар) усы аўылдың халқын шақырып алып: «Мен жигирма мың дирам (ақша) ҳәм ағаш беремен, оңлаў қаржысын өз үстиме аламан, оның гейпара бөлеклери еле өз орнында, сизлер бул сарайды жәмәәт мешити етип алың»,— дейди. Аўыл халқы буны қәлемейди ҳәм жәмәәт мешити бизиң аўылға туўра келмейди және орынлы да емес, дейди. Бул сарай әмир Аҳмад ибн Нуҳ ибн Насыр ибн Аҳмад ибн Исмайыл ас-Саманий дәўирине шекем өз орнында бар еди. Бул әмир усы сарайдың ағашларын қалаға алып келип, «Бухара ҳисары» дәрўазасындағы өз сарайын салыўға киристи.

Бул аўылда ҳәр он бес күнде бир күн базар болады, жыл ақырында жигирма күн базар етип, жигирма биринши күни Наўрыз — Жаңа жыл байрамын өткереди. Буны «Наўрызы кишаварзан» — «Дийханлар Наўрызы» дейди. Бухара дийханлары (жыл күнлерин) ҳәм есабын усы күннен баслайды ҳәм буған итибар береди. Отпаразлардың Наўрызы оннан бес күн соң келеди».

Наршахийдиң жазғанларынан мәлим болғанындай-ақ, Орта Азияда Наўрыз кириў күниниң иранлылардағыдан айырмашылығы сонда, оның өз атамасы болған ҳәм ол «Наўрызы кишаварзан» («Дийхан Наўрызы») деп аталған болып, бул иранлылардың «Үлкен Наўрызы»на туўра келеди.

Демек, Наршахий дәўиринде Бухара ўәлаятында Наўрызды белгилеудиң еки түрли усылы болған. Булардан бири суғдлардың өз календарьларын сақлаған усылы болса, екиншиси, иранлылар есабына туўра келетуғын усыл болады.

Наўрызды анықлаўдың ҳәм белгилеўдиң өзине тән тәреплери әййемги хорезмлилерде де болған. Беру-

ний бул туўралы: «Хорезм халқы жыл ҳәм айларының басы суғд халқыныкине сәйкес болып, ал иранлылардыки керисинше болады. Хорезмлилердиң дәстүр-үрдислери суғдыйлардыкине усайды»,—деп жазады, «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында. Атап өткенимиздей-ақ, Хорезм халқы қолланған календарьда өтмиште бир жылды қураған он еки айдың арасында биринshиси навсаржи деп аталған ҳәм ол жыл басы, яғный Наўрыз деп есапланған. Наўрыз әййемде Орта Азияда да әўеле жаз мәўсиминиң бас гезинде, соңынан бәҳәрде белгиленген.

Жоқарыда бир жыл мүддетти қурайтуғын он еки айдың хорезмлилер менен иранлыларда аталыўында усаслық көбирек екенин анықлаған едик. Беруний-диң жазғанларынан мәлим болғанындай-ақ, жыл басланыўын билиўде хорезмлилер есабы тийкарынан суғдлардағы есапқа сәйкес келген. Демек, жыл есабы мазмун жағынан оларда бир түрли болып, бул бирден-бир аймақлық бирлик түсиниги менен байланыслы болады.

Наўрызды Орта Азия халықлары тек бәҳәрги теңкүнликте ғана емес, ал пүткил ҳәмал (март) айы даўамында, гейде оған шекем де (Наршахийдиң мағлыўматларына қарағанда) түрли ўақытларда, айырым жағдайларда бир неше байрамларды өткериў ретинде белгилеп келген. Мәселен, XX әсирдиң басларында Исфарада (Тәжикстан Республикасы, Ленинабад ўәлаятындағы Исфара районы) «Лала (қызғалдақ) байрамы» өткерилген ҳәм ол ҳәмал (март айының екинши ярымында, яғный апрель айының 10—20-күнлери аралығына туўра келген. Демек, бул байрам анық бир күн менен емес, ал лаланың (қызғалдақтың) ғалаба ашылған пайыты менен байланыслы болған. «Лала (қызғалдақ) байрамын» да жаслар қыр-далаларға шығып, көп етип лала (қызғалдақ) терип ке-



летуғын, оннан соң аўылда ғалаба ойын-саўық уйымластырылатуғын болған. Дастурханларға түрли шийрин, мазалы жемислер қойылатуғын, беллесип жекпе-жек гүрес өткерилетуғын, қосықлар айтылатуғын болған. Исфара халқы еки түрли миллеттен— тәжиклер менен өзбеклерден ибарат болғанлығы себепли қосықлар да ҳәр еки тилде жаңлаған.

Мәселен:

Бунша киши болармысаң,
Кеўилге сүйкимли болармысаң,
Қирттай ғана ҳалың менен,
Әлемди куйдирермисең.
Алыс жолға барып келдим,
Таза гүлден алып келдим.
Бул гүлди қайсы жерге қойсам екен,
Мырзагүлдиң жайына қыстырсамбекен.

Наўрыз күнлери лала сейилин өткериў Сурхандәрья ўәлаятында, әсиресе Байсында кеңнен таралған дәстүр болған. Бул сейиллерде лалаға арнап «Лала, лала, лалажан», «Әй, лала» сыяқлы қосықларды көпшилик болып айтқан:

Келиң ойнап-күлейик,
Гүл сейилине барайық,
Қушағымызды толтырып,
Лала гүлден терейик,
Лала, лала, лалажан,
Өсер таўда, далада.

Наўрыздың белгилениўи, оның байрам ретинде дәбдебели өткерилиўи туўралы сүйикли жазыўшыларымыз С. Айний ҳәм Айбек өзиниң шығармаларында мағлыўмат берген. Атап айтқанда, Айбектиң «Балалық» повестинде Ташкентте Наўрыз байрам қылынғаны атап көрсетилген. Ал С. Айний «Еске түсириўлер» деп аталған шығармасында толық тоқтап өткен.

Бул шығарманы жазыўшы 1948-жылдан баслап

...заманиң ақырына шекем жазған болып, онда Наўрыз туўралы өзи билген, өз қара басы гүўасы болған көринислер берилген. Ол Наўрыз байрамы Бухарада халық үлкен салтанат пенен күтип алғанын атап көрсеткен. Наўрызды белгилеў ушын Бухаралылар қаланың дөгерек-әтирапларына сейилге шығатуғын болған. С. Айний былай деп жазады: «Бул халық сейиллериниң ең үлкенлери Файзабадта (Бухараға жақын жердеги сулыў көринисли мәкан) 22-февральдан тап 22-мартқа шекем өтер еди ҳәм халық жума күни (сол ўақытлары дем алыс күни болған) олманға барып сайранлар еди. Сейил болатуғын жерге қаладан ҳәм әтираптағы аўыллардан адамлар топар-топар болып келер еди.

Бухара бәҳәри Самарқандтағыға қарағанда 15 күн бурын басланады. Жаңа жыл (Наўрыз) кириўине еле 15 күн бар еди. Гүзде себилген бийдай ҳәм арпалар және беде жерден төрт ели өсип шыққан, салма жағаларындағы майсалар да жерди көрпедей қаплап алған. Шөлистан усы пайытларда өзине тән сүйкимли ҳәм тынышлық бағышлаўшы болады. Наўрыз кириўине шөлистанға жасыл мақпал гилемше төселген сыяқлы. Жағымлы бәҳәр ҳаўасы жаңа өсип шыққан майсалардың ийиси менен адамға таза рууҳ ҳәм хош кейипият бағышлайды, бул аса ләззетли бәҳәр самалынан аўызды арандай ашып, тойып-тойып дем алғың келеди. Аспан баўырында қалқып жүрген ақ, қызғыш, сарғыш реңли бөлек-бөлек бултлар, көк-көңбек космосқа әжептәўир түс берер ҳәм булт бөлеклериниң көк-көңбек майсалар үстиндеги көлеңкелери бәҳәр салтанатын көрсетип атырған сыяқлы еди. Жуўмақлап айтқанда, жер, аспан әлўан-әлўан реңлерге жуўтар, тәбият ғалаба ояныўда».

Наўрыз сейиллерин қаланың дөгерек-әтирапларында өткериў тек Бухарада ғана емес, ал басқа қалаларда да тән болған. Атап айтқанда, Наўрыздың



Ташкентте байрам етилиўи ҳаққында Айбектиң «Балалық» шығармасында төмендегилерди оқыймыз: «Бәҳәр келеди. Ҳәмме жерде көздиң жаўын алатуғын лалалар, көк-көңбек майсалар. Суўлар сылдырлап салмаларды толтырып ағады. Дарақлары гүллеген Аспанда атластай жанған бултлар гезеди. Ҳәр нәрсе бәҳәр заўығында. Тағы да Наўрыз байрамын күтип алыў ушын далаға шығамыз...»

Наўрыз Хорезмде де кеңнен байрам қылынған ҳәм бул туўралы еслетиў халық аўызеки дөретпелери үлгилеринде гезлеседи:

Яргенем орамал жиберди мәш гүлли
Мен оны қашан тигермен қыс күни,
Тигейин жума, сәрсемби күни,
Яргенем орап шығар Наўрыз күни.

Наўрыз бәҳәр байрамы ретинде Орта Азияның түрли жерлеринде, атап айтқанда, туўысқан Түркменстан ҳәм Тәжикстан республикаларында да белгиленген.

Түркменстанда да Наўрыз байрамы әййемги дәстүр болады. Оны мал шарўашылығы менен шуғылланыўшылар да, дийханлар да өзине тән түрде байрам қылған.

Улыўма алғанда, Түркменстанда пүткил қыс айы еки бөлекке — үлкен шилле (улу чилла), қырқ күн (20-декабрь— 30-январь) ҳәм киши шиле (кичи чилла) 20 күн (тап 20-февральға шекем) деп бөлеклерге бөлинген. 20-февраль әдетте қыстың соңғы күни есапланып, оны «Шарўалар наўрызы» (чорва новрўзи) аты менен белгилеген ҳәм март айының 17—22-күнлери «Дийханшылық наўрызы» (Пупек новрўзин) байрам қылған. Гейпара жерлерде Наўрыз 21—23-мартта өткен.

Наўрыз күни Түркменстанда Наўрыз тағамлары— самани (сүмелек), ёрма (гөже), ҳалўа (оған душоб-жү-

зим суўы қосып таярланады) сыяқлы тағамлар (аўқатлар) писирилип, халық ойын-саўық қылған: балалар ай терек ойынын (ақ терекпе-көк терек ойынына усас) ойнаған, қосық айтып аўылды айланып шыққан, (ҳәрбир хожалық есигинен орамалдың ушы узатылады, үй ийеси оған қант-пант түйип шығарады), палўанлар беллесип, күшин сынасқан.

Тәжикстанда Наўрыз тарийхый дәстүр болған. Бирақ, бул үлке тийкарынан таўлылардан қуралғанлығы себепли Наўрыз байрамы да ҳәрбир жерде мәлим бир көринисте белгиленген, анығын айтқанда, ол ҳәрбир жердиң шараятынан келип шыққан салт-дәстүрлерге ийкемлестирилген. Наўрыз байрамының Тәжикстанда ең кең таралған көриниси—бул гүл байрамы болады. Атап айтқанда, «Лала (қызғалдақ) байрамы» Исфарада тап жоқарыда тилге алып өткенимиз сыяқлы күтип алынған.

Бәҳәрди гүл менен күтип алыў, улыўма алғанда Орта Азия халықлары ушын әййемги әдет болып қалған. Ерте бәҳәрде қуяштың мийир нурларынан мәдет алған сыяқлы, сарғыш түске енип, ана жер баўырынан биринши болып байшешек көгерип шығады. Халық оны бәҳәр елшиси, жаңа арзыўлар, бахыт хабаршысы деп биледи. Байшешек сейилин бәҳәрдиң дәслепки қуўанышлы ўақыясы, ал ол туўралы тоқылған қосықларды жылдың биринши мәўсим қосықлары дейүге болады. Байшешек туўралы қосықлар әсиресе Ташкент, Самарқанд ўәлаятларында; Зарафшан таўлары аўылларында, Сурхандәрьяның Байсын районында өзбек тилинде де, тәжик тилинде де айтыла берген.

Балалар дәсте-дәсте байшешек терип, соңынан топар-топар болып, үйме-үй жүрип қосық айтқан, үлкенлер бул бәҳәр елшисин көзлерине сүртип «аманлық, аманлық» дескен, яғный қыстан аман-есен шығып, жаңа бәҳәр мәўсими кирип келгенине шүкир етип, кеўил қуўанышларын билдирген, ал ғаррылардың көзинде ҳәтте қуўаныш жаслары пайда болған. Балаларға түрли саўғалар үлестиретуғын болған. Мине усы байрамда айтылатуғын төмендеги қосық ҳәзир де халықлардың ядында қалған:

**БАЙШЕШЕК.**

Қатты жерди тесип шыққан байшешек,
Жумсақ жерден жуўырып шыққан байшешек,
Байшешегим байланды,
Көшеме-көше айланды.
Байшешекке көк сомса,
Қалталарға салынды.
Байшешегим байланды,
Қазан толы айран болар,
Айраныңнан бермесең,
Қазанларың ўайран болар.

Мине усындай қосықлар тәжик тилинде де айтылып, мәниси дерлик бирдей болған:

Тәжикшесиниң мазмуны:

Бәҳәр келди, бәҳәр келди,
Дийхан ушын ис басланды.
Досларға гүл қатар келди,
Гүл жамылған бәҳәр келди.
Жаңа бәҳәр мүбәрек,
Гүллер гүли байшешек,
Байшешек көгерип шықты,
Гүллер гүли байшешек,

Жоқарыдағы қатарлардан халықлар қайсы миллетке жатыўына қарамастан жүдә әййемги заманлардан берли бир-бири менен дослық қатнасықта болып келгенлигин ҳәм бул жерде олардың тиллери де бирбирине дәнекер болғанын көремиз:

Тәжикстанның қубла районларында «Байшешек» тиң орнына «Гули сияхгүш» («Гүл қара қас») қосығын айтқан:

Тәжикшесиниң мазмуны:

Гүл қара қас, қайрылмас қас,
Табақты толтырып тез қайтар.
Гүл қосықшысына узат,
Жаңа бәҳәр мубарек болсын!..
Гүл қара қас (доланар) жети реңде,
Өсер жери тау-таслардың бауырында.
Оннан кеўиллер мудамы зауықта,
Жаңа бәҳәр мубарек болсын!...

Наўрыз күнлери Байсында «Безенген ҳаял» қосығын айтыў да жүдә әййемги ўақыттан үрдис болып келген ҳәм ол бәҳәр қурғақ келген жыллары жаўын тилеў мақсетинде айтылған:

Безенген ҳаял, кербаз ҳаял,
Көлеңкеси майдан ҳаял.
Жаўын жаўдыр ҳөл болсын,
Жер-жәҳән көл болсын.

Ҳәзир Сурхандәрья ўәлаяты көркем ҳәўескерлери тәрепинен қайта тикленип атырған халық қосықлары репертуарында бул қосық жүдә тәсиршең ҳәм жанлы атқарылып, көпшиликтиң алғысына миясар болған. Әййемги дәстүрлеримиздиң тиклениўинде ҳәм тағы да дәстүр түрине енйўинде мине усы сыяқлы көркем ҳәўескерлик жәмәәтлериниң де үлеси үлкен болады.

Бул мерекеде әдетте үлкен қуўыршақ жасап, оған ҳаял кийимлерин кийдирип, безендирип-жасандырып, адамлар қолларына көтерип алып, үйме-үй жүрип, «Безенген ҳаял» қосығын айтқан. Гейде мерекеде қуўыршақ орнына қандай да бир ҳаял қатнасқан. Хожалықлардан усы жол менен азық-аўқат өнимл жыйналған. Соңынан бир ашық жерге пүткил аўыл халқы топланған ҳәм жыйналған нәрселерди ортаға қойып, түрли тағамлар (аўқатлар) таярлап,



жеп-ишип, ойын-зауық қылған, аспаннан жаўын тилеген. «Безенген ҳаял», яғный жасандырылған қуўыршақ ямаса ҳаял Тәжикстанның Қолаб районындағы Сары-Хосар аўылында «Ашаглан» деп аталған ҳәм оған бағышланған қосық та болған:

Тәжикшесиниң мазмуны:

Әй, ҳақыйқый Ашаглан,
Жеңилди әсте желпи.
Көк-көңбек дәним қуўрап атыр,
Бир мәртебе ғана жаўын жаўдыр.

Бәҳәр мәўсиминде өз ўақтында жаўын жаўыўы дийхан ушын мудамы дақыл гиреўи, бир жыллық тиришилик гиреўи еди. Мине сонлықтан егинге жаўыншашын зәрүрлиги бар дерлик ҳәмме үлкелерде жылдың бәҳәр ямаса жаз мәўсиминде жаўын тилеў мерекелери өткерилип турған. Бул сыяқлы дәстүрлер түрли миллет халықларында тек форма жағынан ғана бири-биринен айрылып туратуғын болған. Жаўын сораў дәстүри Дағыстанда «Биринши шүдигарлаў» байрамында ҳәм Қырғызстанда «Тулё» мерекесинде өткерилгенлиги де ол көплеген халықлардың турмыс қәлпине сиңип кеткенинен дәрек береди.

Наўрыз Қазақстанда дийханшылық ҳәм зүрәәт байрамы ретинде белгиленген. XX әсирдиң басында он еки жыллық мүшелге тийкарланған Қуяш календары Қазақстанда рәсмий календарь еди ҳәм онда жаңа жыл бәҳәрги теңкүнликтен басланар еди. Ҳәтте жигирмаланшы жыллары шыққан «Дийханшылық календары»да жыл даўамында белгиленетуғын қазақ байрамлары санап өтилгенде Наўрыз—Жаңа жыл байрамы, деп ескертилгени де мәлим. Қазақстанда жаңа жыл 19-

26-жылы да рәсмий түрде бәхәрде белгиленген еди. Атап айтқанда, «Еңбекши қазақ» («Қазақ мийнеткеши») газетасының 1925-жыл 22-март санында төмендеги Наўрыз қутлықлаўы қатарлары орын алған еди.

Қазақшасының мазмуны:

Қыс өтип, қар кетип,
Шырайлы жаз жетип,
Қой-қозылар дәҳқан жүрген,
Байрамы әзелден,
Қутлы болсын бул Наўрыз!

Қазақстанда Наўрыз әдетте, Өзбекстандағы сыяқлы март айында белгиленип, қазақлар да оны өзине тән салт-дәстүрлер менен өткерген. Усының менен бир ўақытта Наўрыз сейилинде дәстүр есапланған, қыз-жигитлердиң өлең (қосық) айтыўы әхмийетли өзгешеликлерден бири есапланған. Наўрыз күни қазақлар да Улыс (халық) күни ямаса Улыстың уллы күни деп аталған.

Наўрыз байрамында писирилетуғын тағамлардың (аўқатлардың) арасында тийкарғысы наўрыз гөже (наўрыз көже) болған. Ал гейпара жерлерде оны «қос гөже» (бәхәрде биринши қосты атызға алып шығыўға байланыслы писирилетуғынлығы себепли) деп те аталғанлығы мәлим. Соны да атап көрсетиў керек, Наўрыз байрамында гөже писириў тек Қазақстанға тән әдет болып қалмастан, бул дәстүр Орта Азияның басқа да түрли аймақларында да бар еди. Атап айтқанда, Хорезмде Наўрыз байрамында гөже писирилген ҳәм оны «наўрыз гөже» деп атаған.



Узақ тыныспадан соң Қазақстанда Наўрыз 1988-жылдан баслап қайта тикленди ҳәм соңғы 1989-жылы үлкен салтанат пенен белгиленди. Байрамда дәстүрге қарай Наўрыз гөже писирилди, сейил болатуғын жерде театрластырылған тамашалар көрсетилип, халықтың сүйикли қаҳарманы—атақлы Алдаркөсе келип, халықты уллы сәне менен қутлықлады.

Усының менен бирге қазақ халқы тийкарынан мал шарўашылығы менен шуғылланғанлығы себепли оның ең үлкен байрамы да мине усы тараў менен байланыслы еди. Анығын айтқанда, қой ҳәм жылқыларды қыслаўдан соң бәхәрде жайлаўға айдаў байрамы белгиленген. Белгиленген жайлаўға жеткеннен соң отаўлар тигип, салтанатлар басланған. Байрамда күндиз мол-молақай дәстурханлар жайылған, түрли бәйгилер, атшабар, палўанлар беллесиўи өткерилген. Ал түнде дәстүрли қосық айтыў ҳәм ойын-заўықлар уйымластырылған. Бул байрамдағы дәстүрли салтлардан тағы бири «алты бақан» («алты әткеншек») болып, онда жаслар әткеншек ушқан.

Қырғызстанның дийханшылығы белгили дәрежеде раўажланған қубла аймақларында да Наўрызды белгилеў әдет еди ҳәм ол бәхәрги теңкүнликте өткерилген. Қырғызларда бәхәрде бурынғы ўақытлары «түлөө» жаўын тилеў салт-дәстүри де бар еди. Бирақ, Қырғызстан тийкарынан таўлы, жайлаўлы үлке болғаны ушын бул жерде көбинесе мал-шарўашылығы менен байланыслы халық байрамлары ғалаба мәлим. Олардың ең атақлысы «молчи тою» («шопанлар тойы») байрамы болып, ол жазда өткерилген. Себеби, жаз таў жайлаўларының көздиң жаўын алып турған пайыты, қой ҳәм жылқылардың жайлаўда қарны тойып, еминеркин жүретуғын шағы. Қулласы кәлам, шопанлар ушын әйне ойын-заўық, қуўаныш мәўсими болған. Бул салтанатларда қоңсылас Қазақстандағы сыяқлы ат

бәйгилери, беллесиўлер, айтыслар, манасшылар, бақсы-жыраўлар айтысы, қосық айтыў ҳәм басқа да түрли-түрли ўақтыхошлықлар уйымластырылған.

1989-жылы кеңнен белгиленген Наўрыз байрамында бир қатар миллий халық салт-дәстүрлери көрсетилди. Үлкен сейилде байрам отаўы тигилди, тоқыўшылық өнери көрсетилди; асық ойнаў, ким озарға жуўырысыў, шыңқобыз шертиў, ат бәйгилери, ылақ қыз қуўыў, ат үстинде күш сынасыў ҳәм басқа да усыған усас түрли кеўил көтериспелер өткерилип, бул халықлар арасында Наўрыздың тағы да жанлы байрам етилиўине негиз дөретти, десек қәтелеспеймиз.

Енди Наўрыз байрамын ҳәзирги ўақытта қашан ҳәм неше күн өткериў керек, деген саўал туўылыўы итимал. Мәлим болғанындай-ақ, әййемги заманларда Наўрыз иранлыларда алты күн байрам етилип, бул күнлер тийкарынан бәҳәрги теңкүнлик ўақтына туўра келген. Орта Азия халықлары әдетте бул байрам ушын қандай да бир мүддетти белгилемеген, бирақ, ол бәҳәрги теңкүнликке туўра келгени аттан-анық. Садриддин Айний Наўрыз салтанатлары бир ай бурын, яғный ҳут айында (20-февральдан тап 22-мартқа шекем) басланғанын ҳәм Жаңа жыл — Наўрыз әдеттеги жыллары 22-мартта, ал кабиса жыллары 21-мартта кириўин жазған. Календарь есабы көз-қарасынан алып қарағанда да бул әййемнен Наўрыз белгиленип келинген сәне — бәҳәрги теңкүнликтиң әйне өзи деген сөз.

Демек, Наўрыз байрамы 21-мартта басланыўы ҳәм дәстүрли халық байрамы болғаны ушын дем алыс күни болыўы тийис. Бул ўақтыхошлық халқымыз бәҳәр айларында белгилейтуғын бир қатар басқа байрамларға уласып кетеди.

Жоқарыда келтирилген мысаллардан мәлим болатуғынындай-ақ, Наўрызды Орта Азия халықлары жүдә әййемги заманлардан берли бәҳәр ўақтыхошлығы, дийханшылық байрамы ретинде белгилеп келген.



Әўладларымыз оны әсирлерден әсирлерге алып өтип, жаңа салт-дәстүрлер менен байытқан. Бирақ, усыған қарамастан, биз Наўрыз байрамы Орта Азияда пайда болған, деп даўласпақшы емеспиз. Ал, б л мәселеге тек бир тәреплеме қатнас жасаўшыларға Наўрыз ҳаққындағы дәслепки жазба хабарлар да Орта Азиялық илимпазлар Балъамий (оның «Табарий тарийхы» аўдармасында), Беруний, Наршахий ҳәм басқалардың шығармаларынан орын алғанын еслетип өтиўимиз мүмкин.

Ал ҳәзирги заман Иран изертлеўшилеринен Ямий Зукка өзиниң Наўрыз байрамы тарийхына тийисли бир мақаласында жазба дереклерде Наўрыз ҳаққында көбинесе қурақ мағлыўматлар гезлеседи ҳәм бул уллы байрамның түп мәнисине, тарийхына ҳешким Берунийдей етип толық түсиник бермеген деп жазады. Иранлы илимпаздың бул пикири оғада тийкарлы болып, ол тарийхый дереклерге сүйенген ҳалда баян етилген.

## НАЎРЫЗ САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРИ

Нәўбәҳәр мәўсими болды кетти зимистанлар,
Дослар, гәниймет ғой, етиң сайран гүлистанлар.
Сәҳәрде түсип шық, болды майсалар шад,
Гүл үстине тамып, кем-кем жаўды жаўынлар...

Енди жанға жағымлы самал болып, булт тамшысынан соң,
Ғумшалар күлди де, жүзин ашты көп гүллер.
Уядағы қумыры, гүлге қонған бүлбил ҳаўазынан,
Бир шоршып түскен наргис көзинен уйқы қашты.

Майсалар арасында қылтыйып көринди сүмбил төбеси,
Бир тәрепте гүлсапсар арасынан бир тегис суў ағар.

Белгили ағартыўшы шайыр Зәкиржан Халмуҳаммад улы Фурқат (1859—1909-жыллар) бәҳәр мәўсимин мине усылайынша жырлаған. Өйткени бәҳәрдиң келиўи халқымыз ушын әййемнен Жаңа жылдың кели-

ўи, жаңа күнниң, арзыў-үмитлердиң басланыўы болған. Бәҳәрдиң келиўин халық өз дәстүрлери ҳәм салтлары менен күтип алған. Ғалаба халықлық сейиллер, гүл байрамлары, сүмелек писириў сыяқлы салт-дәстүрлер мине усыларға жатады.

Бәҳәр байрамы — Наўрыздың кириўин белгилеўдиң де өз салт-дәстүрлери бар. Биз бул туўралы Наўрыздың иранлыларда ҳәм Орта Азияда белгилениўин сүўретлеген бапларымызда азлап тоқтап өткен едик.

Әййемги режелерге қарағанда, Наўрыз күнин ойын-заўық пенен ўақтыхошлықта ҳәм шадлықта өткерген адам пүткил жыл даўамында мине усындай қуўанышта турмыс кеширер екен, деп жазады Омар Ҳайям өзиниң «Наўрызнама» шығармасында. Әййемнен адамлар Наўрызға айрықша бир ҳүрмет-иззет пенен қараған, ҳәтте оны кәраматлы күнге айландырыўға да ҳәрекет еткен. Наўрыз бенен байланыслы есапсансыз рәўаятлар, әпсаналар дөретилген. Мәселен, Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» китабында мынадай бир рәўаятты келтиреди: «Саид ибн Фазыл: «Иранстандағы Дума таўы (ҳәзирги Эльбрус таў дизбеклериндеги Дамаванд таўы) үстинде ҳәр Наўрыз түни ҳәўа ашық болса да, бултлы болса да жылдырым жарқ-журқ еткени ҳәм жалтырағаны көринеди», — дейди. Ал усы шығарманың басқа бир жеринде: «Сыйқыршылардың айтыўына қарағанда, Наўрыз күни таң атқанда бир гәпти айтыўдан бурын үш қасық палды жалап, үш бөлек (жупар ийисли) мумды түтетсе, бул көп аўырыўларға шыпа болармыш», — деп жазады Беруний.

Қызығы сонда, Наўрыз күни орынланатуғын дерлик ҳәр бир салт-дәстүрге адамлар қандай да бир тәбияттан тыс түс бериўге ҳәрекет қылған. Мәселен, әййемде қәсийетли Наўрыз пайытында дос-яранлар, таныслар бир-бирлерине шийрин тағамлар саўға еткен. Усы салт-дәстүр туўралы Беруний төмендеги рәўаятты келтиреди. «Иранлыларда Наўрыз күни бир-бирине мазалы тағамлар саўға етиў үрдис болған. Азарбадтың гүррың етиўине қарағанда буның себеби, Наўрыз күни Жамшидтиң елинде шекер қамыс пайда болған».

Махмуд ибн Вали (XVII әсир) өзиниң «Бахр ул-асрар» («Сырлар теңизи») шығармасында былайынша гүррың етеди: Самарқанд ўәлаятында Абырахмат деген жер бар. Олманда бир булақ бар, кимде-ким Наўрыз күни оның суўына дәрет алса, гүналарынан арылғай дейди. Усы себепли Наўрызда халайық усы булақ алдына жыйналады, суўынан алып ишеди ҳәм дәрет алады».

Ең жақсысы әййемги рәўаятларды қояйық та, дәрҳал өз дәўиримизге өтейик. Айтыңшы, бизиң күнлеримизде де өзине тән салт-дәстүрлерсиз белгиленетуғын бирде-бир байрам барма өзи? Жоқ, дерлик барлық байрамлар өзине тән салт-дәстүрлер менен белгиленеди. Әсиресе Жаңа жыл байрамын белгилеўдиң заўығы оғада басқаша. Үлкен-киши, жас-ғарры, дерлик ҳәр бир адам усы күнди шадлық, ўақтыхошлық пенен күтип алыўға умтылады, ал балалар бул күнди ертеклерсиз көз алдына келтире алмайды. Аяз баба, қар қызы әйне сол күни олардың қасына келип, түрли-түрли саўғалар үлестиреди. Бүгинги Жаңа жыл байрамы ертеклеринде ушар гилемлерге, ушар гейўшлерге ҳәм етиклерге итибар берсеңиз, китапшамыздың басында Жамшидтиң өз тахтында ушқанлығы ҳаққындағы рәўаят ериксиз көз алдыңыздан өтеди, олардың арасында қандайда бир тарийхый байланыслылық, улыўмалық бардай болып көринеди. Дүньяның қайсы бир елин алып қарасаңыз да, олар белгилейтуғын салтанатлы күнлерде өзине тән түрлитүрли әдетлер, салт-дәстүрлер бар.

Наўрыз байрамының әййемги иранлылардағы салт-

дәстүрлери туўралы Омар Ҳайямның жоқарыда атап көрсетилген шығармасында толық мағлыўматлар бар. Атап айтқанда, Наўрыз күни елде итибарлы бир адам шахтың қасына келип, оған шарап толтырылған алтын кесе, жүзик, дирҳам (ақша), бир қамтым арпа майсасы, қылыш, сары-жай, сыя саўыт ҳәм қәлем усынған. Усы нәрселер мәлим бир мазмунға ийе болған ҳәм парахатшылық, татыўлық, аса кең пейиллилик, әдиллик, мәңгилик сыяқлы тилеклерди аңлатқан.

Омар Ҳайямның жазғанларынан мәлим болғанындай-ақ, Иран шахлары арпа майсасын жақсы белги деп есаплаған, өйткени, арпаның пайдасы оғада үлкен болған. Арпа басқа дәнлерге қарағанда ерте писер болып келеди. «Айтыўларына қарағанда, ол қырқ күнде телекке келип түсер екен (Орта Азияның арқа районларында бәҳәрги арпа егилгенинен баслап есаплағанда, шама менен сексен күнде жетилип писеди.) Ол ҳәр қандай жерде де өсе береди. Арпа дәри-дәрмақ ҳәм жеў ушын да жарамлы болады. Данышпанлар менен қәлендерлер әдетте арпа жеген. Арпа жегенде қан бузылмайды ҳәм қан алдырып турыўға кәжет қалмайды, деседи. Ол тағы қан ҳәм өт аўырыўларына да шыпа болады. Ҳаяллар фарвардин (ҳәмал) айында перзентлерине жақсы арзыў-тилеклер менен арпаны ҳөллеп бүркип қояды».

Омар Ҳайямның жазғанларынан соңғы қатар Орта Азия халықларында сүмелек писириўди еслетеди. Демек, сүмелек арпадан да писирилген ҳәм оның қәсийетлерин халық билген. Бул тағам (аўқат) саману атамасы менен сол ўақытлары да иранлылардың Наўрыз дәстурханына қойыўы шәрт болған жети тағамның (аўқаттың) бири екенин «Иранда Наўрыз байрамы» деген бапта көрип өткен едик. Егерде Омар Ҳайямның жазғанына тийкарлансақ, онда сүмелек тарийхы



бизиң эрамыздың биринши мың жыллығына барып тақалады.

Сүмелек туўралы шығысты изертлеўши илимпаз, Шығыс медицинасы тарийхының маманы Маҳмуд Хасанов соңғы әсирлерге тийисли жазба дереклерден де анағурлым толық мағлыўматларды таўып жәриялады («Фан ва турмуш», «Илим ҳәм турмыс» журналы №3-иншн саны, 1989-жыл). Атап айтқанда Муҳаммад Ҳусайн Бурханның «Бурхони қотиъ» (1650-жылы жазылған) деген сөзлигинде «самануъ» төмендегише түсиндирилген: «саман—ҳалвайтарға (ҳалвайтар—сүмелек тәризли аўқат) усаған нәрсе, ол жаңа көгерип шыққан мырға көк бийдайдың ширесинен таярланады».

Ҳусайн ал-Ақилий (XVIII әсирдиң ақыры) парсы тилинде жазған «Маҳзан ал-адвия» («Емлер ғәзийнеси») китабында сүмелек ҳаққында былайынша жазады: «Самануъ — «найда»ның парсыша атамасы болады. «Найда» мысырлылар сөзи, парсы тилинде оны «самануъ бавво» ямаса «саманн—бүе» деседи. Көплеген елләрде сүйкимли ҳәм белгили тағамлардан есапланады. Мазалы ҳәм сүйкимли. Оны таярлаў усылы төмендегише: әўеле жақсы бийдай дәнлери тазалап алынады, соң суўда жибитиледи, тахтайға ямаса басқа нәрселердиң үстине үш-төрт ели қалыңлықта жайып шығылады ҳәм зығырдан тоқылған қандайда бир бөзлеме менен жаўып қойылады. Бийдай көклеп көгерип шыққанша ҳәр күни суў себиледи. 4-5 см өскеннен соң, майсаны орып, езип, суўы алынады. Соңынан бул суйықлықты қазанға қуйып, әсте жанып турған отта қайнатылады, анда-санда оған муз бөлеклери таслап турылады.

Ҳәзирги ўақытта сүмелек төмендегише таярланады: көгертилген бийдайдан алынған суў (шире) салмағы үш-төрт қосыўыс еленген ун менен үлкен қазанда пискенше қайнатылады ҳәм шийкилик дәми

пүткиллей жоқ болғанға шекем узақ ўақыт бир тегис қайнатылады. Базы биреўлер бадам, писте хәм ғоза мағызын түйместен, хәтте қабығы менен қазанға салып жибереди. Сүмелек әйне пискеннен соң, бираз ўақыт үстин жаўып дем бериледи хәм ыдысларға сүзиледи.

Сүмелектиң бир қатар қәсийетлери де бар, олар әўеле оның шыпа бериўши тағам (аўқат) ретиндеги өзгешеликлеринде көринеди Ол жуғымлы хәм витаминге бай екенлиги менен әййемги заманлардан берли халықлардың итибарын өзине тартып келген.

Адамларда көбинесе қыс ақырына келе қәлсизлик, диқкесизлик ямаса хәзирги заман сөзи менен айтқанда витаминге күшли зәрүрлик (авитаминоз) пайда болып, көбинесе бундай ўақытта көплеп көк-шөплерге хәм таза писken мийўелерге мүтәжлик сезиледи. Халықта бул жағдайды «жилик үзилди» деп те айтылады. Диқкесизликке ем сыпатында ерте бәхәрде түрли жаңа ғана көгерип шыққан базы бир от-шөплерден (қақ, оты, қозы қулақ, назбайгүл хәм басқалар) жеў, усының менен бирге арпа ямаса бийдайды көгертип, сүмелек писириў де әййемнен әдет есапланған. Сүмелек туўралы тағы да соны айтыў мүмкин, оны Өзбекстан, Тәжикстан хәм Түркменстанда әйне бир түрли усылда таярлайды.

Наўрыздың тарийхый салт-дәстүрлеринен тағы да сол нәрсе мәлим, Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» шығармасында жазғанындай-ақ, Наўрыз кирген күннен баслап, атлы әскерлерге бәхәр хәм жаз кийимлерин кийдириў Хорасан патшаларына үрдис болып кеткен екен.

Орта Азияда Наўрыз күнлери халўалар, лампасий (монпасье), қораз қант сыяқлы көплеген хәр қыйлы шийрин, мазалы затлар таярланған. Садриддин Айний Наўрыз сейилинде түрли аўқатлар, кишмиш, ғоза, шормөжене, қуўырылған буршақ сыяқлы хәр қыйлы



жемислер мол-молақай болғанлығын, сондай-ақ ақ қақ ерикти жибитип, суўын ишиў әдет болғанын атап көрсетеди. Көрдиңизбе, халық әййемнен қақ ериктиң диқкесизликтен қутылыўға жәрдем берету-ғынын оғада жақсы билген.

Наўрыз сейиллеринде кеңнен тарқалған дәстүрлердиң бири гүрес еди. Әдетте бир неше мәхәлле (көше) ямаса аўыл адамлары бир жерге жыйналып, тәрептәреп болып күш сынасатуғын болған. Жарысты дәслеп балалар баслап хәм гезек әсте-ақырын үлкенлерге берилген.

Шабандоз бәйгиси, ылақ (көкпар) тартыў да усы сейилдеги заўықлы дәстүрлерден бири болған.

Наўрыз халық сейили болғанлығы себепли, онда қосық айтыў да әййемнен әдет есапланар еди. Халық жән-тәни менен қосық та айтқан, тыңлаған да. Дуўтар тарларынан қулақтың қурышын қандырып тарқалған намалар дейсиз бе, кеўилли айтысларды атқарыўма, ямаса нәзик қосықларымыздың атқарылыўыма, —қулласы кәлам бундай шадлы күнлерде айтылатуғын қосық түрлери оғада көп болған. Олар халық аўызеки дөретпелериниң бай ғәзийнесинен алынған оғада бахалы дүрданалар болды, бул қосықлардың айырмаларын алдыңғы бапларда еслетип өттик.

Өзбек халқының түрли миллий салтанатларында сүйикли салт-дәстүрлердиң бири—дәстанларды атқарыў, еки топарға бөлинип, айтыслар, жыраўлар уйымластырыў болған. Бул әйтеўир бир қосық атқарыў болып қалмастан, оған оғада зийрек, шешен, дилўар адамлар таңланған. Айтыслар қуўандыратуғын да, ишек-силеңди қатыратуғын шоқ, кеўилге қонымлы да қосық қатарларынан дүзилетуғын хәм оны алдын ала жазып, ядлап емес, ал салтанаттың өзинде-ақ жөнекей тоқып, суўырып салма түринде айтыў лазым болған.

Тәжикстанда да 1988 хәм 1989-жыллары Наўрыз

байрамының белгилениўи жүдә кеўилли өтти: үлкен халық сейиллери, ғәззел айтысыў кешелери шөлкемлестирилди. Пайтахт Душанбе қаласында өткерилген Наўрыз ғәззелханлығына туўысқан республикалардан, сондай-ақ Аўғанстаннан ҳәм Ираннан келген мийманлар да қатнасты. Оғада қызғын өткен байрам кешеси халықлар дослығын беккемлеўдиң үлгиси болды.

Ҳәзирги ўақытта, ағный Наўрыз байрамы қайта тикленип, жаңа турмыс басланғанда оны тағы да байытыў, жаңа дәстүрлер тийкарында жанландырыўнегизги ўазыйпа болады.

Ҳәр бир жақсы дәстүр әўеле заманагөйлиги менен өмир сүргиш болып келеди. Наўрыз да егерде ҳәзирги күнги алдыңғы дәстүрлер менен жанландырылса, оның тағы да көплеген әсирлер даўамында өмир сүриўи гүмансыз, ҳәр бир жаңа әўлад тәрепинен байытылған әййемги дәстүрлер мәңгилик болып қалып, халықтың турмыс қәлпине барған сайын тереңирек сиңип барады ҳәм оның ең алдыңғы салт-үрдислери қатарынан орын алады.

1989-жылы Өзбекстанда Наўрыз байрамы дерлик ҳәр бир мийнет жәмәәтинде, ҳәр бир семьяда ҳәр бир мәҳәлледе (көшеде) оғада қызғын ҳәм салтанатлы түрде белгиленди.

Ғалаба мәлимлеме қураллары, соның ишинде радио ҳәм телевидение арқалы да Наўрыз өзиниң жаңа өмирин баслағанлығы туўралы еситтириўлер менен көрсетиўлер шөлкемлестирилди, көплеген жерлерде ұйымластырылған жаңа Наўрыз салтанатлары көрсетилди.

Наўрыз үлкен халық сейили, оны өткериў ушын тарийхта ҳеш қандай қаржы жыйналмаған. Халық бул шадлы ўақыяны өз иси, дөретпеси менен емин-еркин байрам қылған. Халық сейилинде қойылатуғын ҳәр қандай программа (мейли мәдениятқа, мейли спорт-қ



тийисли болсын әлбетте ықтиярлылық тийкарында шөлкемлестирилиўи тийис. Өйткени, бул улыўма халықлық байрам болады.

Мектеп оқыўшылары ушын мектеплер аралық спорт жарысларын өткериў, қосық ҳәм жумбақлар айтыў да қызықтырарлық болады. Наўрыз шадлы салтанатын бақшаларда өткериў оғада үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болады. Наўрыз жарысларын, байрамын республикамызда бир колхоз ямаса совхоз аймағындағы аўыллар арасында ямаса еки қоңсылас колхоз ҳәм совхоз арасында өткериўге болады. Бул анағурлым қызығарлы өтеди ҳәм усының менен бирге Наўрыздың тарийхый салт-дәстүрлерине сәйкес келеди. Садриддин Айний де бурын Наўрыз күнлериндеги сейиллерде балалар өз қусларын алып шығып, ойынлар көрсеткени ҳаққында жазған. Түрли-түрли шийрин жемислер, ләззетли тағамлар (аўқатлар) таярлаў конкурсын өткериў де Наўрыз байрамы салт-дәстүрлерине сәйкес келеди.

Наўрыз сейиллерине актив түрде қатнасқанлар, әсиресе жарыслардың ҳәм көргизбелердиң жеңимпазлары сауғалар менен сыйлықланыўы да бул байрамды белгилеўге адамларда күшли қызығыўшылық оятыўға жәрдем береди.

## НАЎРЫЗ ҲӘМ ЖӘҲӘН ХАЛЫҚ БАЙРАМЛАРЫ.

Наўрыз — дийханшылық байрамы. Мине усы себепли түрли үлкелерде ол ҳәр қыйлы түрде байрам етилип келген. Басқаша етип айтқанда, дийханшылық пенен шуғылланыўшы дерлик ҳәмме халықларда жер-суўға байланыслы өзине тән салтанатлы дәстүрлер болған.

Әўеле усыны да атап өтиў керек, Наўрыз Иранда ҳәм Орта Азиядан тысқары, тиккелей тағы да Кавказда, Аўғанстанда ҳәм Шығыс Түркстанда да байрам қылынған. Мәселен, Әзербайжанда Наўрыздың байрам етилиўи айырым белгилери жағынан Ирандағы-

ға усап кетсе де, усының менен бирге өзине тән тәреп-лери де бар. Оларда байрамға таярлық бир-еки күн бурын басланады; көп түрли ауқатлар, шийрин, маза-лы жемислер таярлайды, үйлерди миштаздай, азада етип қояды. Наўрыз дәстурханы қаншама мол-мола-қай болса, жыл даўамында семья дәстурханы мине усындай берекетли болады-мыш. Отқа сыйыныў дәўи-ри дәстүрлериниң бири отқа сыйыныў белгилери де азлап сақланған. Атап айтқанда, адамлар Наўрыз ту-ни от жағып, оттың дөгерек әтирапында ойын-заўық қылады, заўық пенен бақырысып, оттан атлап өтеди, байрамда ағайин-туўысқанлар, таныслар, жақын-жу-ўықлар бири-бириникине мийман болып барады.

Дағыстанда Наўрыз күни тиккелей дийханшылық сөйлеми менен «биринши жер сүриў күни» деп атал-ған ҳәм ол бәҳәрги тең күнликте, яғный 21-мартта ғалаба байрам ретинде өткерилген. Дағыстан түрли ел-атлардан қуралған үлке болғаны себепли, бул күн ол-арда ҳәр қыйлы атамалар менен аталған: аварларда —«оцбай», дарғынларда— «киубахруми», лакларда —«карас шлву» ҳәм т. б. Байрамды өзине тән салт-дәстүрлер менен күтип алған. Биринши жер сүриўге аўыл адамлары ғалаба шыққан. Қосқа жегилетуғын өгиз мисли қуўыршақтай етип безеп-жасартылып, жаңа мәўсимниң биринши жер сүриўин әдетте аўыл-дың ең шебер қосшысы баслап берген. Биринши сүрилген жерге себилетуғын тухым бийдай бол-са, ҳәр бир семьядан бир уўыстан жыйнап алынар еди. Тухым себиў тамамланғаннан соң жыйналғанлар қос-шыға ҳәзил-дәлкек айтып, себилген тухымға өз ўақ-тында жаўын жаўсын, деген үмит пенен суў сепкен. Соннан соң ғалаба сейил басланған, зыяпатлар үйым-ластырылған, ойын-заўық, беллесиўлер өткерилген.

Айтпақшы, бәҳәр мәўсиминде биринши қос байра-мын өткериў дәстүри Өзбекстанда да бар. Булманда



Дағыстандағыдай қос өгизлерди әжайып етип безе-месе де, бирақ, салт-дәстүрдиң өзи кеңнен белгилен-ген. Атызға биринши қос алып шығылған күни зыя-патлар («қос асы») уйымластырылып, ойын-заўық, ўақтыхошлық пенен өткерилген.

Наўрыз бәҳәр байрамы, дийханшылық байрамы ретинде Шығыс Түркстанның Қашқар, Яркент ҳәм Хо-тан сыяқлы қалаларында ҳәм олардың дөгерек-әтирап-ларында да кеңнен белгиленген. Бәҳәрги теңкүнлик 21-мартта адамлар Наўрызды ардақлап, жаңа кийим-лер, ғаррылар әдетте ақ липаслар кийген. Наўрыз дәс-турханына атамалары «с» ҳәрибинен басланатуғын жети түрли аўқат таярлаў (демек, иранлылардың салт-дәстүрлерине тән) әдет болған. Тәбияттың пайызлы жерлеринде—бағларда, атызларда Наўрыз сейиллери өткерилген, оларда байрамға, бәҳәрге арналған нама-лар, қосықлар атқарылған, ойын-заўық болған, гүрес жарыслары өткерилген. Наўрыз күни туўылған бала-ларға, егерде ул болса Наўрыз, қыз болса әдетте Гүл-роз деп исим қойылған.

Наўрыз тиккелей Аўғанстанда да жыл басы Жа-ңа жыл байрамы ретинде белгиленеди ҳәм ол отпа-разлық заманынан берли мәлим деседи. Жыл есабы ҳижрий-шамсий календарь (оған шекем ҳижрий-қама-рий календарын сақлап келген) тийкарында жүрги-зиледи. Мине усы есапқа муўапық эрамыздың 1988-жылы 22-мартта Аўғанстанда 1367-жыл кирди.

Аўғанстанда Наўрыз байрамының ең салтанатлы бөлеги Мазары Шариф қаласында өткериледи ҳәм булманға дерлик пүткил Аўғанстаннан адамлар келе-ди. Дәстүрге муўапық, байрам арнаўлы түрли гезле-ме қыйындыларынан есилген узын қадаға қыстырыл-ған байрақ (саўашта) көтерилиў мерекеси менен ашы-лады. Соннан соң, пүткил ел бойлап Наўрыз салтанат-лары басланады.

Наўрызды Аўғанстанда жүдә үлкен салтанат пе-

нен күтип алады. Байрам күнине алдын ала таярлықлар көриледи: жаңа кийим-кеншеклер тиктириў ҳәм оларға кесте салыў, ойын-заўықларға таярлық көриў, ҳәр түрли мазалы тағамлар (аўқатлар) таярлаў мине усыларға жатады. Әсиресе Наўрыз таңында ашаўға «хафт мийўе» (жети мийўе), яғный жети түрли мийўе қақларынан таярланған шире ишиў әййемнен киятырған дәстүр болған. Наўрыз байрамында жети түрли нәрсе болыўы туўралы Иранда, Орта Азияда ҳәм Шығыс Түркстанда белгилениўин тәрийиплегенде де көрген едик. Садриддин Айнийдиң Бухара Наўрызында ерик қағының ширеси ишилиўи туўралы жазғанлары Аўғанстандағы «хафт мийўе» (жети мийўе) ширесин еслетеди.

Байрам күнлери өткерилетуғын жарыслардың ҳәм көргизбелердиң де түрлери көп. Дийханлар ушын ғалаба салт-дәстүр Наўрыздағы «ниҳолшони» (нәл егиў) болады. Салтанатларда мал шарўашылығы ҳәм дийханшылық көргизбелери шөлкемлестириледи. Онда түхым буғалар, бедеў атлар, зор қошқарлар, қос ҳәм гүнделер алып шығылады. Жеңимпазларға сыйлықлар бериледи. «Мела» лала сейиллери өткериледи. Аўғанстанның арқа аймақларында «бузкаши»—ылақ ойыны ҳәм миллий гүрес кеңнен тарқалған.

Аўған балалары ушын болса Наўрызға әлўан-әлўан түсли гудипаранлар—пәтпелеклер жасаў ең заўықлы ойынлар болған. Пәтпелеклер Наўрыз байрамында сейил аспанына қарай ушырылады. Бул тек балалар ғана емес, ал егеделер де заўықланатуғын әжайып тамаша сейил болған. Бир ўақытлары жаслар пәтпелеклердиң қанатына «Наўрыз» мүбәрек болсын!», «Сизге бахыт тилеймиз!» деп жазылған хатларды қыстырып, өзлери сүйген қызлардың семьяларына түсириўи де Наўрыздағы жақсы нийетли дәстүрлерден бири болған.



Бирақ Аўғанстанның арқа аймақларындағы базы бир халықлар,әсиресе ҳазаралар арасында әййемнен сақланып келинген тағы бир халық календары болған. Бул есап та мәўсимли характерге ийе болып, Қуяш, Ай ҳәм жулдызлар ҳәрекетинен келип шыққан және жаздағысын «Қамари ақраб», қыстағысын болса «тоғал» дескен. Ҳазаралардың усы календарь есабы олар ушын күнделикли турмыс, әсиресе мал шарўашылығында жыл даўамындағы ҳаўа райы өзгерислерин белгилеўде айрықша қолайлы болған. Гейпара шамалаўларға қарағанда, бул календарь әййемнен түрк халықлары қолланып келген жыл есабына сәйкес келеди. Ҳазарлардың мине усы есапта бир жыл даўамында белгилейтуғын салтанатлары күнлеринде тийкарынан отқа сыйыныў дәстүрлери ең көп болған. Бул жағдай ҳазаралар жыл есабының әййемги екенинен дәрек береди.

Бәҳәр мәўсимин Ҳиндстанда да ҳәр түрли дәстүрлер менен күтип алатуғын болған. Биз Наўрыздың тиккелей Ҳиндстанда белгилениўи туўралы толық мағлыўматларға ийе емеспиз. Бирақ, Әбиў Райхан Беруний өзиниң «Ҳиндстан» деген атақлы шығармасының «Байрамлар ҳәм салтанатлар ҳаққында» ғы бабында ҳиндлер де көклемниң түн ҳәм күн барабарлығын байрам қылғанын жазған. Ҳиндлер бул мерекени васанта деп атаған ҳәм жыл есабындағы екинши айда, яғный вайшакха айында белгиленген. Ал усы шығарманың басқа бир жеринде және бир тайпа ҳиндлер есабында биринши ай, яғный чайтра айының басы бәҳәрги теңкүнликке туўра келеди, деп атап көрсетилген.

Наўрыз XI—XII әсирлерде жасап шығармалар дөреткен ҳиндстанлы шайыр Абул-Фараж Руний (1116-жылы қазаланған) ғәзеллеринен де орын алған; Парсышасының мазмуны:

Наўрыз жас-ғаррының кеўлин жасартты,
Ол жер ҳәм заман ушын да наўқыранлық.
Ҳәр жыл усы мәўсимде бул кексе әлем,
Жәҳәнди жаслық зәўығы менен қамтып алады.

Шайыр Наўрызға арналған бул ғәззелин Хорасанда жасап жүрген пайытларында жазған болыўы да итимал.

Ҳиндлер Қуяш календарына қарай есап жүргизеди. Олардың мине усы тийкарда дүзилген Сака, Самва Бакрамий деген календарлары бар. Эрамыздың 1988-жылы ҳиндлердиң календарьларында 2044-жылға туўра келеди. Ҳәзирги ўақытта бәҳәрдиң дәслепки айын ҳиндлер чайт деп атайды ҳәм ол Григорий календарындағы апрель-май айларына туўра келеди.

Улыўма алғанда, бәҳәрди дийханшылық мәўсиминиң басланыўы ретинде белгилеў түрли халықларда түрлише болған. Олар ҳәр бир халықта өз атамасы менен аталып, өзине тән дәстүрлер менен өткерилген.

Мәселен, археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде Қытайда эрамыздан бурынғы мың жыллықта Ай ҳәрекетине тийкарланған дийханшылық календары болғанлығы анықланған. Бул календарь бабыллылардың есабына усап кетеди, яғный бир жыл он еки айдан, ал кабисалы (високос) жыл он үш айдан, ал ҳәр бир ай өз гезегинде 30 ямаса 29 күннен қуралған.

Әййемги Қытайда бәҳәр келиўин дийханшылық мәўсиминиң басланыўы салтанаты менен күтип алған. Байрам бәҳәрги теңкүнликте биринши қос айдаў ҳәм биринши жер сүриў менен басланатуғын болған. Қызығы сонда, қосқа әдеттегидей өгизлерди емес, ал әўеле ырым етип келин менен күйеўди жеккен. Жоқарыда бәҳәрди қос айдаў ҳәм жер сүриў менен күтип алыў дәстүрин Орта Азия менен Дағыстан мысалларында да көрген едик. Демек, қос дийханшылықтың



тийкарғы өндирис қуралы болғанлығы ушын ол дийханлар белгилейтуғын байрам салт - дәстүриниң тийкарғы элементине айланған.

Қытайлыларда дәстүрли биринши қос қосылып, жер сүрилгеннен соң ғалаба сейил басланған. Сейилде көплеген жаслардың тойларын белгилеген ҳәм келин - күйеў өзлериниң биринши неке кешесин мине усы сейиллерде өткериўи лазым болған. Олардың ырымына қарағанда, бул дәстүр жыл даўамында жердиң зүрәәтлилигин арттырады-мыш.

Бара-бара Қытайда бул дәстүр жоқ болып, орнын императордың қара басын көтермелеў ямаса марҳумлар әрўағын еслеў мәресимлери ийелеген. Ҳәтте ең үлкен дәстүрли байрам — Жаңа жыл да дерлик дийханшылыққа байланысы жоқ ретинде календарь есабына тийкарланған түрде өткен ҳәм әдетте февральдың биринши ярымына туўра келген.

Қытайда 1912-жылы рәсмий түрде европаша календарь қабыл етилген болса да, қытайлылардың дәстүрли календары да сақланған. Егерде Қытайда шыққан күнделикли газетаға нәзер тасласаңыз, биринши бетте газета атамасынан соң ол басылып шыққан ўақыт көрсетилген болады. Мәселен, 1988-жыл 1-ай, 15-күн, оның астында Қытайша сәне: Динмао жылы, XI ай, 26 күн. Мине усы есаптан келип шығып, эрамыздың 1988 - жылы қытайлылардың 2531 - жылына туўра келеди. Бул айдарҳа жылы болып, ол он еки ҳайўанат атамасы менен байланыслы алпыс жыллық циклға тийкарланып алынған. Цикл календарь Ай, Қуяш ҳәм Юпитер ҳәрекетиниң есабы тийкарында дүзилген, бирақ, көбинесе ай календарына жақын.

Дәстүрли Жаңа жыл да ғалаба түрде, қысқы қуяш турыўы (22-декабрь) нан соң екинши мәртебе жаңа ай көринген күни байрам қылынады. Ол 1935-жыл 4-февральда, 1990-жыл 27-январьда белгиленген.

Әййемнен орын алып киятырған бәҳәр, дийханшы-

лық байрамы ҳәзирги күнде Қытайда цин-мин деп аталады ҳәм бәҳәрги тең күнликке он бес күн қалғанда өтеди. Бирақ, бул байрамға Будда дини исеними енгизилген ҳәм ол «марҳумлар байрамы»на айландырылған, яғный байрам күни тийкарынан марҳумлар да еслейди. Бәҳәрде дийханшылық байрамын өткериў Японияда да дәстүр болып қалған.

Соны да атап көрсетиў керек, базы бир үлкелерде дин режелери араласпаған түрде өткерилетуғын халық байрамлары да бар. Олардан бири Татарстанда әййемнен белгиленип киятырған **Сабантой** байрамы болады.

Сабантой мазмуны жағынан да, салт - дәстүрлери жағынан да Наўрыз байрамына жүдә усайды. Ол әййемде Волга жағалаўларын мәкан еткен булғарларда бәҳәрги егин егиў мәўсиминиң басланыўы ретинде апрель айының ақырында байрам етилген. Бул дәстүрли байрам Татарстанда ҳәзирги күни де өткериледи. Тек парқы сонда, Сабантой бурынғыдай бәҳәрде емес, ал жазда — июнь айында шөлкемлестириледи. Себеби, Татарстанда июнь айы пүткил тәбият жасыл липасқа бөленген, отлақлы жерлерде әлўан-әлўан гүллер ғалаба ашылған бәҳәр мәўсиминиң басланыўы болады. Ол Орта Азиядағы Наўрыз мәҳәлин еслетип турған сыяқлы болады. Тап бизиң Наўрыздағы сыяқлы Сабантой да кең, көк-көңбек далада өткерилген. Онда палўанлар беллесиўи, атшабар жарыслары, түрли ойын-заўықлар шөлкемлестириледи. Тағы да бир қызықлы тәрепи, Сабантой ҳәммеде қуўанышлы кейипят оятыўы тийис. Усы себепли жарысларда жеңимпазлар менен бир қатарда, жеңилгенлерге де өзине ылайықлы сыйлықлар берилген. Ҳәзирги ўақытта Сабантой халықтың турмыс қәлпиниң жаңа дәстүрлери менен байыған, әсиресе спорт ойынларының жаңа түр-



лери қосылған ҳалда өзине тән заўық, қуўаныш пенен өтеди.

Бәҳәрги дийханшылық жумысларын баслаў алдынан қысты узатып салыў байрамы әййемде славянларда да бар еди ҳәм оны «масленица» дескен. Масленица мәўсимли халықлық календарь байрамы болады. Улыўма алғанда, славянларда, жоқарыда атап көрсеткенимизде-ақ, дийханшылық ҳәм мал шарўашылығы менен байланыслы байрамлар көп болған. Бирақ, олардың дерлик ҳәммесин христиан ширкеўи өзиники етип алды ҳәм диний атамалар берди. Бирден-бир айтарлықтай аман қалғаны мине усы масленица байрамы деўге болады.

Масленица әдетте февраль айының екинши ярымынан март айының биринши ярымы аралығындағы мүддетте белгиленген. Оның келип шығыўы оғада әййемги, еле Россияда христианлық енгизилмеген ўақытларға барып тақалады. Масленица байрамына байланыслы дийханлар қысты узатып салатуғын ҳәм тәбиятта басланып атырған бәҳәр мәўсиминиң ең дәслепки белгилерин шадлық, ўақтыхошлық пенен күтип алатуғын болған.

Халық масленицалары бир ҳәпте байрам қылынған. Салтанаттың атамасы ондағы дәстүрден («масло» — май сөзинен) алынған, яғный масленица байрамында көплеген майлы аўқатлар, жемислер таярланған. Әсиресе майлы ҳәм қаймақлы шелпек писириў усы дәстүрдиң тийкарғы салты есапланған. Ғалаба сейил уйымластырылып, халық мәз-майрам болып ойын-заўық қурған. Россия ҳаўа райы жағдайында бул ўақытта дала-қырлардан еле қар кетпегенлиги себепли, түрли қар ойынлары (сырғанақ тебиў ҳәм шана миниў) дәстүрли әдет еди. Әсиресе байрам үскенелери менен безетилген үш ат жегилген арба (тройка) бәйгиси де оғада қызықлы өткен. Әт-

көшеклер де ушқан. Байрамдағы ең қуўанышлы пайытлардың бири көпшилик болып қосық айтыў болған.

Масленица ҳәзир де рус халқының сүйинкли байрамы болып киятыр. Ол 1988-жыл январьда «Русская зима» («Рус қысы») атамасы менен Ташкентте де өткерилди.

* * *

Әзийз китапхан! Наўрыз халқымыздың тарийхында узақ заманлардан мийрас болып қалған дәстүр. Ол бәҳәр ўақтыхошлығы, турмыс ләззети болады. Бул дәстүр инсанның тәбият факторлары менен тиккелей байланысы негизинде қәлиплескен. Тилекке қарсы, тарийхый раўажланыўдың белгили бир процесинде бул сийрек гезлесетуғын дәстүрге итибар бериў пәсеңлеп кетти, ал енди оны қайта тиклеў ҳәм күнделикли турмысымыздың жаңа дәстүрлери менен байытыўымыз тийис.

Наўрыз тек бизде емес, ал бир қанша үлкелер шеңберинде байрам етилип келген тарийхый дәстүр. Усы себепли, оны «меники» ямаса «сеники» деп емес, ал оның жәмийетлик төркининен келип шығып бизики, ҳәммелики, оның үстине дүнья мәдениятының ажыралмас бир бөлеги деп билиў лазым.

Наўрыз байрамын белгилеў, оның тарийхый түп мәнисин илимий тийкарда анализ жасап, прогрессив дәстүрлерди турмысқа енгизиў, Орта Азия халықларының ҳәзирги қоңсылас еллер менен әййемнен киятырған дослық қатнасықларын, экономикалық ҳәм мәдений байланысларын бүгинги күни ҳәр тәреплеме раўажландырыў зор әҳмийетке ийе. Оны кең халық массасы белгилейтуғын байрам ретинде, халықлар арасындағы дослық байланысларын беккемлейтуғын дәстүр ретинде турмысқа енгизиўимиз тийис.

Жуўмақлап айтқанда, усы китапшада жазылған



менен бул тема питти, демекши емеспиз, керисинше, қолыңыздағы китапша Наўрыз ҳаққында дөретилетуғын жаңадан-жаңа изертлеўлердиң басланыўы болар, деп үмит етемиз.

Китапхана
48813

## МАЗМУНЫ

Кириспе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Тәбийт ҳәм инсан байрамы . . . . . . . . . . . . . 6
Иранда Наўрыз байрамы . . . . . . . . . . . . . . 28
Наўрыз Орта Азияда . . . . . . . . . . . . . . . 36
Байшешек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Наўрыз салт-дәстүрлери. . . . . . . . . . . . . . 51
Наўрыз ҳәм жәҳән халық байрамлары . . . . . . . . 59

Аманулла Буриев
**НАВРУЗ**
Научный популярный
*На каракалпакском языке*
Издательство «Билим»
НУКУС—1993

Редакция баслығы *О. Байлепесов*
Редакторы *Н. Тәжибаев*
Художниги *Е. Хожамуратов*
Худ. редактеры *К. Рейпназаров*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Корректоры *Т. Махсудова*

ИБ №518

Териўге берилген ўақты 25. 05. 93-ж. Басыўға руқсат етилген ўақты 25. 07. 93-ж. Қағаз форматы 70Х$108^1/_{32}$. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2,25 б. т. 3,15 шәртли б. т. 3,04 есап б. т. Нусқасы 5000 дана. Буйыртпа №108. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Билим» баспасы. 742010. Нөкис қаласы, Калинин көшеси, 62.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша. Мәмлекетлик Комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы. Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси, №9.